

Уэгур и лIыгъэщIапIэт

2-нэ нап.

Си гур зэIухауэ сабийм сыт щыгъуи сыпожьэ

3-нэ нап.

Щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ зэкъуэту

4-нэ нап.

Iуащхьэ абрагъуищым утрашэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№12 (24.918) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ФэтэрыщIэхэм насып къахудэкIуэну

Налшык и администрацэм и унэм щэбэт кIуам гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIащ. ФэтэрыщIэхэр зэраIэм щыхьэт техъуэ сертификатхэр абы щратыжащ жьы хъуауэ къалъыта, Кадыровым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет, фэтэр куэду зэхэт унэ зэтетхэм нэхъапэм щIэсауэ щыта къалэдэс унагъуи 124-м. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, къалэ щIыпIэ администрацэм и унафэщIхэр, Iуэхур зытещIыхьа унагъуэхэм ящыщхэр.

ИЛЪЭС куэдкIэ гугъу ехьа унагъуэхэм иджы псэупIэ яхуэхъуащ жыджэру зызыужь «Искож» хьэблэм и Къэбэрдей уэрамым щаухуа «Ленинград» къат куэду зэтет унэхэм хэт фэтэр зэпэщхэр. Лэжьыгъэхэр зэфIахащ «ГъащIэм хуэщIа Iэмалхэр» лъэпкъ проектым хыхьэ «Жьы хъуа унэхэм я бжыгъэм хэгъэщIын» федеральнэ пэхуэщIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм щыпсэухэр жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэкIын» 2022 - 2030 гъэхэм тещIыхьа республикэ программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр я тегъэщIапIэу, ЩIыналъэхэм зегъэужьыныкIэ фондым диIыгъыу.

- Псори зэхэту къапщтэмэ, иужьрей илъэситIым кърибыдэу дэ тхузэфIэкIащ жьы хъуауэ ущыпсэуну шынагъуэ уни 9-м щIэса унагъуэ 337-рэ къыщIэдгъэIэпхъукIыу псэупIэ унэщIэхэм щIэдгъэтIысхьэн, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. - Фигу къэзгъэкIыжынщи, блэкIа илъэсым и мэлыжьыхь мазэм екIуэкIауэ щыта «Хэку цIыкIухэр Урысейм и къарущ» УФ-м хыхьэ щIыналъэхэр псори къызрихьэлIа зэхыхьэм хэту, УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и щIыналъэхэм я пашэхэм щыхуэзам щыгъуэ жиIащ: «Ущыпсэуну шынагъуэ, жьы хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. ЦIыхухэм я пащхьэм щыдиIэ а къалэныр къызыхуэтыншэу, жэуаплыныгъэр зыхэтщIэу зэфIэтхыныр Iэмал зимыIэщ». Къэрал УнафэщIым и псалъэм дытету, а Iуэхур догъэзащIэ.

ПсэупIэщIэ зэраIэм щыхьэт техъуэ сертификатхэр зрата унагъуэхэм ехъуэхъуащ республикэм и пашэр, дэтхэнэ унагъуэми зэгурыIуэныгъэ, зэпэщыныгъэ, насып илъыну, фэтэрыщIэхэр сабий макъ къызыщIэIукI псэупIэ угъурлы, насыпыфIэ яхуэхъуну зэригуапэр къыхигъэщу.

ФэтэрыщIэхэм щIэтIысхьэну хуэпащIэ унагъуэхэр иджы яужь итщ абы ехьэлIа дэфтэрхэр нэхъ псынщIэу зэпэщ зэращIыным. Шэч хэлъкъым: уи псэупIэ тэмэм узэриIэм пщэдейрей махуэм фIэщхъуныгъэ пхэлъу, гъащIэм гукъыдэж хуиIэу ухуегъаплъэ. Апхуэдэ гурыщIэщ сертификатхэр зрата унагъуи 124-м щIэсхэм я гум, я псэм щыщIэри.

Къалэ цIыкIухэм зрагъэужь

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Бахъсэн къалэ округым. «Комитетым хухах сыхьэт»-м хыхьэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ къалэ мыинхэм я щыIэкIэпсэукIэ, экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэм.

ЗЭIУЩIЭР и жэрдэмт Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, Бахъсэн къалэ округым и IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, къалэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр. ЗэIущIэм ипэ къиуэу, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и щIыхькIэ, къэрал, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэр щалъхуа Дыгулыбгъуей къуажэм дэт и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Социальнэ, промышленнэ IуэхущIапIэхэр

ЗэIущIэм щIидзэн ипэ, хьэщIэхэм, Бахъсэн къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим я пашэу, зыщагъэгъуэзащ IуэхущIапIэ зыбжанэм я лэжьыгъэр зэрызэтеухуам. Ахэр япэу щыIащ Дыгулыбгъуей къажэм дэт курыт школ №9-м. ЕджапIэм «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ Iуэхум ипкъ иткIэ зэгъэпэщыжыныгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ, абы къыщызэрагъэпэщащ еджакIуэ 620-м щIигъум щIэныгъэ куу иратынымкIэ зыхуеину псори.

Депутатхэм зыщагъэгъуэзащ «Точка роста» центрым и лэжьыгъэми. Абдеж щаIущIащ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ, ахэр тепсэлъыхьащ гъэ еджэгъуэр къызэрызэгъэпэщамрэ зыIууэ гугъуехьхэмрэ. ХьэщIэхэр школ библиотекэм хуэупсащ тхыдэ-лъахэхутэ тхылъ зыбжанэкIэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ щIэблэр егъэджэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ я тыншыпIэхэр къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, егъэджэныгъэр къэрал политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. ЕджакIуэхэм щепсалъэм, Егоровэ Татьянэ ахэр къыхуриджащ я лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я гур хузэIухауэ щытыну, щIэныгъэ куу зэрагъуэтыным хущIэкъуну.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым егъэджакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, я лэжьыгъэм зэрыхуэпэжым, щIыналъэм и къэкIуэнум хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым папщIэ.

КъыкIэлъыкIуэу депутатхэмрэ лIыкIуэхэмрэ щыIащ Бахъсэн къалэм Мамырыгъэмрэ щэнхабзэмрэ я жыг хадэм. ЩIыпIэр жыгхэм ягъэдахэ, къыщыпкIухьыну, къыщыбжьыхьыну лъэс лъагъуэхэр хуэщIащ, гуэл IэрыщI иIэщ. Абы хэтщ спорт ухуэныгъэхэри сабий джэгупIэхэри. Нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къыщылъытащ - жэщми махуэми лажьэу видеокIэлъыплъыныгъэкIэ щIыпIэр къызэгъэпэщащ.

Депутатхэр щыIащ физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ «Олимп» IуэхущIапIэм, «Демография» лъэпкъ Iуэхум хыхьэ «Спортыр гъащIэм и мардэщ» федеральнэ проектым и фIыгъэкIэ яухуам. Абы махуэ къэс зыщагъасэ Бахъсэн къалэм и спорт школхэм щыщ ныбжьыщIи 100-м щIигъум.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● **Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэс**

ЗэпыщIэныгъэм и джэлэс

ЩIышылэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и киноконцерт гъэлъэгъуапIэм Iэтауэ къыщызэIуахащ Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр. Абы къыщыхагъэщащ ди къэралым лъэпкъыу 200-м щIигъу зэрыщыпсэур, КъБКъУ-м бзэкIэ зэтемыхуэ 45-м я щIэблэ зэрыщеджэр. Аращ КъБР-м и еджапIэ нэхъыщхьэм, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и орденыр зыхуагъэфэщам мы Iуэхур щIыщрагъэжьари. ИлъэсыщIэм университетым щаубзыхуащ лъэпкъ щэнхабзэмкIэ «ЩIэин» студент клубым и лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну, лъэпкъ къудамэщIэхэр къыщызэIуахыну, ар къэралым зыхуигъэувыж къалэнхэр гъащIэм зэрыхапщам и щапхъэ хъунущ.

ГУФIЭГЪУЭ пшыхьыр къызэIуахащ Уэрэдымрэ къафэмкIэ «АмикС» театрым и артистхэм ягъэзэща Урысей ГимнымкIэ. КъБКъУ-м и Попечительскэ советым и унафэщI, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ комиссэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий утыкум къыщрагъэблагъэм жиIащ: «ЛIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь Урысейм и тхыдэр лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и тхыдэщ, дэтхэнэми езым и хабзэхэр ехъумэ. 2026 гъэр Зэкъуэтыныгъэм и илъэсу УФ-м и Президентым къыщыхилъхьэм жиIащ ди къарур ди зэрыIыгъуныгъэм зэрыхэлъыр. Ар наIуэ къэщI къэралым ис лъэпкъ псоми я къуэхэр зылI и бынуэ зэкъуэту Хэкур нобэ зэрахъумэм. Ди къэралыгъуэм и быдапIэр псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэрщ».

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Сталинград зауэзэрылIыр тщыгъупщэнукъым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым щытепсэлъыхьащ ди къэралым и тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ, Сталинград къалэр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 83-рэ зэрырикъуам.

СТАЛИНГРАД зауэзэрылIыр Хэку зауэшхуэм и Iыхьэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Ар екIуэкIащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м щыщIэдзауэ 1943 гъэм мазаем и 2-м пщIондэ.

Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэр гъуэнэгъу къищIащ Индыл (Волгэ) Iуфэ деж щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэм советыдзэр зэрыщытекIуам.

Сталинград деж бийм хахуэу щапэщIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлIхэри. Абдежым щытекIуа нэужь, Совет Армэм Кавказ Ищхъэрэ операцэм щIидзэри, зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм хэту, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къэралым и ипщэ щIыналъэхэмрэ гитлерыдзэм къыIэщIигъэкIыжауэ щытащ. Кавказыр езым и хъугъуэфIыгъуэ къыщIэхыпIэ зыщIыну хэта фашистхэм я мурадхэр къайхъулIакъым, абыхэм ди дзэр къимыкIуэтыжу ебгъэрыкIуэн щIадза нэужь.

Сталинград дэсхэми, сэлэтхэми, офицерхэми зэрахьа лIыгъэр зыми хуумыгъэдэфын хахуагъэм, псэемыблэжыныгъэм, зэкъуэту зэрахьа лIыгъэм и щапхъэ хъуащ.

Дэ захудогъэщхъ Сталинград зауэзэрылIым и лIыхъужьхэм - абы сыт хуэдэ зэмани лъэпкъыбэу зэхэт ди къэралыр зэкъуигъэувэу щытынущ, Урысейм и къэкIуэнум папщIэ зи псэ зытахэм я фэеплъыр гум иримыгъэхужу.

Адыгэ щIалищым зэгъусэу утыкур яубыд

Красноярск къалэм къикIыу хьыбар гуапэ къытIэрыхьащ: бэнэкIэ хуитымкIэ Ярыгин Иван и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ абы щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIащ икIи япэм къэмыхъуауэ зы хьэлъагъ зиIэ гупым я деж (килограмм 74-рэ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм - БищIо Тимур, ЗэкIуиий Анзор, Шэрий Иналбэч сымэ - япэ увыпIищыр щаубыдащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абыхэм гуапэу ехъуэхъуащ.

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщIидзэу ди щIалэхэм къапэщIэта я хьэрхуэрэгъухэр ирагъэкIуэтэкIыурэ финалым и Iыхьэ никъуэм щызэхуэзэжахэщ. Зы лъэныкъуэмкIэ щызэпэщIэтащ БищIо Тимуррэ Шэрий Иналбэчрэ, адреймкIэ - Олимп джэгухэм я чемпион, дунейпсо чемпионатыр щэнейрэ къэзыхьа, бэнакIуэ цIэрыIуэ Сидаков Заурбэчрэ ЗэкIуий Анзоррэ.

КъызэгъэпэщакIуэхэми, тренерхэми, уеблэмэ езы спортсменхэми мы гупым япэ увыпIэр зратыр осетин щIалэрат, икIи, а псом и щыхьэт хъууэ, Сидаковыр лъэщу ЗакIуийм къебгъэрыкIуащ, зэIущIэм хухаха зэманыр икIэм нэсыным секундэ 30 фIэкIа къэмынэжыху. Абы щыгъуэ зэIущIэм и бжыгъэр 5:0-у осетин щIалэр текIуэрт.

Ауэ, иужькIэ, Анзор зыкъызэкъуихыжащ, Сидаковым и гугъэр къызэтрикъутэу, икIи а къэнэжа зэман мащIэм къриубыдэу зэкIэлъхьэужьу очкоуэ 8 къихьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, финалым хуэзышэ и гъуэгум Олимп джэгухэм я чемпионыр тригъэкIуэтащ. КIэух зэхьэзэхуэм ЗэкIуийм къыщыпэплъэнут адрей ди щIалитIым языхэзыр.

БищIомрэ Шэриймрэ я зэIущIэр гуащIэу екIуэкIащ икIи абы хухаха зэманыр 1:1-уэ иухащ, ауэ текIуэныгъэр Тимур иратащ, иужьу очко къызэрихьам папщIэ.

Финалым щызэхуэзащ БищIомрэ ЗакIуиймрэ. Мыбдежми, ди щIалитIыр зэхуэдэу текIуэныгъэм щIэбэнащ, ауэ Тимур нэхъ лъэщу къыщIэкIащ икIи зэхьэзэхуэм и бжыгъэр 2:0-у къихьащ. Хэт ищIэрэ, Сидаковым тригъэкIуэда и къарур финалым щыхуримыкъужагъэнкIи хэлъщ ЗэкIуийм.

Къищынэмыщ Iауэ, дауэ хъуми, Ярыгин Иван и Кубокым япэм къэмыхуауэ зы лъагапIэм адыгэ щIалищ зэгъусэу теуващ.

Къыхэдгъэщынщи, Ярыгин Иван и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэр бэнэкIэ хуитымкIэ дуней псом щынэхъ лъапIэ, пщIэ лъагэ зиIэ зэпеуэхэм ящыщщ. Спортсменхэм я дежкIэ абы ущытекIуэныр - ехъулIэныгъэшхуэщ. ЖыпIэну урикъунщ, къэрал 21-м я бэнакIуэ лъэщу 496-рэ мыгъэрей зэIущIэм зэрыхэтар.

Абы нэмыщI, а зэхьэзэхуэм иджыри «дунейпсом и чемпионат цIыкIукIэ» йоджэ. Уеблэмэ, спортсменхэмрэ тренерхэмрэ къызэралъытэмкIэ, Ярыгин Иван и Кубокым ущытекIуэну куэдкIэ нэхъ гугъущ, Европэмрэ Азиемрэ я чемпионатхэр къэпхьыным нэхърэ. Абы нэмыщI, зэрыхабзэу, япэ увыпIэр къэзыхьахэр УФ-м и командэ къыхэхам хэту Европэм и чемпионатым ягъакIуэ.

Дохъуэхъу, ди щIалэ ахъырзэманхэм, я текIуэныгъэ дахэхэмкIэ куэдрэ дагъэгуфIэну, спортым и лъагапIэ нэхъ иныжхэр къащтэну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ я щIыхьыр лъагэу яIэтыну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ХоккеймкIэ япэ зэхьэзэхуэ

Налшык дэт мылылъэ уардэунэм япэу щекIуэкIащ «Шайбу, Шайбу!» фIэщыгъэр зиIэ, сабийхэм я хоккей турнир. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм къикIа гупи 10. Зэхьэзэхуэм я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуащ 2017 - 2018 гъэхэм къалъхуа спортсмен ныбжьыщIэхэм.

ЗЭПЕУЭМ япэу хэта гупхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Ставрополь и «Динамо»-м. ЕтIуанэ хъуащ Астрахань къикIа «Ястреб»-р, домбеякъыр лъысащ Владикавказ и «Алания»-м.

ДжэгукIэм нэхъ хуэIэзэхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ ЕссэнтIыгу къикIа «Короли льда» гупым. Дыжьын медалхэр зыIэрагъэхьащ Сочэ къалэм и «Союз»-м хэт спортсменхэм, домбеякъ дамыгъэхэр ялъысащ Астрахань и «Ястреб»-м и джэгуакIуэхэм.

Ди къуэш республикэхэм

ЗэрефIэкIуэным хуопабгъэ

АБХЪАЗ. **Республикэм и президент Гунбэ Бадрэ хуэзащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей. Абы фIыщIэ къахуищIащ Урысей Федерацэм и унафэщIхэм, псом хуэмыдэу Путин Владимир, Абхъазым зиужьыным теухуауэ къазэрыдэIэпыкъум папщIэ.**

А лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ социально-экономикэ Iуэхухэм ехьэлIауэ зэрызэдэлэжьэнум, щыIэкIэпсэукIэр нэхъ тынш зыщIыну ухуэныгъэ инхэр зэрызэфIахынум. Къапщтэмэ, япэ ирагъэщхэм ящыщщ аэропортыр зэфIэгъэувэжынымрэ гъущI гъуэгу зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ. Зэпсэлъахэр хэплъащ республикэм илъэс псом къриубыдэу зыщагъэпсэхуныр нэхъ тынш зыщIыфыну Iуэхугъуэхэм. Абыхэм язу къалъытэр глэмпинг жыхуаIэр, щIыуэпсым зыкIи зэран хуэмыхъу, псынщIэу къызэфIагъэувэ хьэщIэщхэр ухуэныр.

Назаров Сергей Гунбэ Бадрэ жриIащ Абхъазым щыщ хьэрычэтыщIэхэм ахъшэу щхьэщатыкIыр нэхъ мащIэу кредитхэр яIэрыхьэным зэрелэжьыр. КъыхигъэщIащ IуэхущIапIэ мыин, ику ит зиIэхэм нэхъ псынщIэу зыкъаужьыну абы Iэмал къазэритынур.

Башкирием щыIащ

АДЫГЕЙ. **Уфа щекIуэкIа «Малая Родина - сила России» III-нэ урысейпсо муниципальнэ зэIущIэм хэтащ Мейкъуапэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Митрофанов Геннадий. Абы щытепсэлъыхьащ туризмэм зегъэужьыным къалэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм.**

IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ нэхъыщхьэу зытрагъащIэр щэнхабзэ нэсыр и лъабжьэу, цIыхухэм сыт и лъэныкъуэкIи гунэс ящыхъуу загъэпсэхуныр къахузэгъэпэщынырщ.

- Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр Мейкъуапэ къыщыдгъэсэбэпыным дыхущIокъу. Экскурсоводхэр гъэхьэзырыным, тхыдэ щIэиныр хъумэным, цIыхухэм я кIуапIэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным, щэнхабзэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм хьэщIэхэр щыгъэгъуэзэным теухуауэ я жэрдэмхэр ядэтIыгъыну дыхьэзырщ. Ди къалэныр Мейкъуапэ дэтхэнэ зыплъыхьакIуэри къыдэзыхьэх иджырей къалэ зэIузэпэщ тщIыныршщ. УнафэщIхэм, IэщIагъэлIхэмрэ жылагъуэмрэ я зэфIэкI Iуэхум ирахьэлIэмэ, а псори тхузэфIэкIынущ - щыжеIэ Митрофанов Геннадий соцсетым щиIэ и напэкIуэцIым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къалэ цIыкIухэм зрагъэужь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

«Текстиль-Индустрия» IуэхущIапIэм цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрегъэпэщ, щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Депутатхэр щыхьэт техъуащ IуэхущIапIэр иджырей Iэмэпсымэхэм зэрырилажьэм, къыщIигъэкIым и фIагъым, абыхэмкIэ урысейпсо, дунейпсо утыку уихьэ зэрыхъунум.

Депутатхэм зыщагъэгъуэзащ Урысейм нартыху гибрид жылэхэр къыщыщIэзыгъэкIхэм я нэхъ пашэхэм ящыщ «Гибрид СК» IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм. Мэкъумэш Iэнатlэм и зыужьыныгъэм хуищI хэлъхьэныгъэм и мызакъуэу, къалэ округым щыпсэухэм щыщхэр абы IэнатIэкIэ къызэрызэригъэпэщым мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Бахъсэн дыболъагъу

IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм зыщагъэгъуэза нэужь, зэIущIэм щIидзащ. Ар къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ къалэ цIыкIухэм зегъэужьынымрэ защIэгъэкъуэнымрэ къэралым къигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.

- «Къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ жылагъуэхэмрэ зегъэужьын» япэ урысейпсо зэхыхьэр къыщызэIуихым, Урысейм и Президент Путин Владимир къыхигъэщащ ди тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъыбэу жылагъуэхэм зэрыщызэгъэуIуам ипкъ иткIэ, гулъытэ зыхуэтщIыпхъэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ар зэращыщыр. Иужьрей зэманым Iуэху куэд ирагъэкIуэкI къалэ мыинхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Абы дыщIигъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым «къалэ» статусыр 8-м зэрыщаIэр, абы щыщу 6-р «къалэ цIыкIухэм» зэращыщыр (щыпсэум и бжыгъэр мин 50-м нэсу). Ахэр Бахъсэн, Май, Нарткъалэ, Тэрч, Тырныауз, Шэджэм къалэхэрщ.

- Дэтхэнэри зи зыужьыныгъэрэ тхыдэрэ зиIэжщ. ЦIыхубэр хъумэным и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ къалэхэм, абыхэм мыинхэри яхэту, зэрызегъэужьыпхъэр, абы къыхэкIыу ахэр ущыпсэуну, ущылэжьэну, щIэныгъэ щызэбгъэгъуэтыну, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыбгъуэтыну, щIэблэщIэ бгъэсэну тыншу щытыпхъэщ, - пищащ Егоровэм.

Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ республикэм и къалиплI пашэ зэрыщыхъуар Къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ жылагъуэхэмрэ псэукIэ тынш къыщызэгъэпэщынымкIэ проект нэхъыфI къыщагъэлъагъуэ урысейпсо зэпеуэм.

- Зэхьэзэхуэхэм текIуэныгъэ къызэрыщахьар щIыналъэхэм щIэгъэкъуэныфI яхуэхъуащ. Нобэ Бахъсэн къалэм дыкъыщIэкIуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ар жыджэру зызыужь къалэ мыинхэм зэращыщырщ. 2019 гъэм зи гугъу тщIа зэхьэзэхуэм ар щытекIуэри, кърата ахъшэ саугъэтымкIэ нобэ ди нэкIэ зэдгъэлъэгъуа жыг хадэ зыгъэпсэхупIэр яухуауэ щытащ. Къалэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыщыIащ, я ехъулIэныгъэхэми жылэдэсыр зыIууэ гугъуехьхэми зыщыдгъэгъуэзащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт лъэпощхьэпохэр щыIэми, Бахъсэн къалэ округым лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыужьыныгъэфIхэр къызэригъэлъагъуэр, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым.

ЕхъулIэныгъэхэмрэ мурадхэмрэ

Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим къытеувыIащ къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэным, хьэрычэт Iуэхум, егъэджэныгъэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр тыншу къахузэгъэпэщыным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

«Къалэм тыншыпIэхэр къыщызэгъэпэщын» федеральнэ Iуэхум ипкъ иткIэ, 2018 гъэм зэIузэпэщ ящIащ пщIантIэ 41-рэ. ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэми.

«ГъащIэ кIыхь узыншэу» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу, зэрагъэпэщыжащ Бахъсэн къалэм и поликлиникэ №1-мрэ Дыгулыбгъуей къуажэм и поликлиникэ къудамэ №2-мрэ.

ЩIыпIэ администрацэм гулъытэ хэха хуещI щIэблэр гъэсэным, егъэджэныгъэм и IэмалыфIхэр къэгъэсэбэпыным. А лэжьыгъэм хиубыдэу, зыхуей хуагъэзащ курыт еджапIэ №9-р.

2025 гъэм курыт школ №7-м ухуэныгъэщIэ къыпащIыхьащ, метр зэбгъузэнатIэ 160-м щIигъу къызэщIиубыдэу. Сабии 140 зыщIэхуэн гъэсапIэ яухуэн щIадзащ. 2026 гъэм я мурадщ курыт школ № 5-м и къудамэ №3-р зыхуей хуагъэзэну.

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыныр къалэм щагъэнэхъыщхьэ нэгъуэщI зы унэтIыныгъэщ. Спорт школищ (щIалэгъуалэ 947-м зыщагъасэу) абы дэтщ. 2025 гъэм муниципальнэ уней зэдэлэжьэкIэкIэ «Форвард» стадионыр яухуащ.

Мы зэманым иужь итщ тхэквандом зыщыхуагъэсэну спорт пэшышхуэм и ухуэныгъэм. 2026 гъэм дращIеинущ самбэм щыхуагъэсэну унэр, футбол джэгупIэ цIыкIур яухуэнми иужь ихьэнущ.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм.

Мамхэгъ Хьэчим тепсэлъыхьащ Къалмыкъым и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ Парк дыхьэпIэмрэ я гъуэгухэр зэрагъэпэщыжыну зэрамурадым, къищынэмыщIауэ, мы зэманым Бахъсэн псы Iуфэм и ижьрабгъу, сэмэгурабгъу лъэныкъуэхэр зэрыгъэбыда ухуэныгъэхэр зэрагъэпэщыжыным зэрелэжьым. Къалэ паркымрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ зэпищIэу, Бахъсэн псым зэрызэпрыкIыну лъэмыжыр щаухуэну щIыпIэри ягъэбелджылагъэхщ.

«Къуажэхэм зегъэужьын» къэрал программэм хыхьэу, зэман гъунэгъум Дыгулыбгъуей къуажэм КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и цIэкIэ иIэ утым зыгъэпсэхупIэ къыщызэрагъэпэщынущ.

2025 гъэм жьы хъуа псыжапIэхэр зэхъуэкIынми къалэм щелэжьащ, арщхьэкIэ къалэ округым псым ехьэлIауэ гугъуехь иджыри щыIэщ.

- Бжьамийхэр жьы зэрыхъуам и зэранкIэ, псы къыщIашым и процент 32-34-р цIыхухэм я деж нэскъым. «Бахъсэн псыжапIэ» Iуэхум ипкъ иткIэ, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэмрэ Бахъсэн къалэ округымрэ я бжьамийхэр псы къыщIэшыпIэ нэхъыщхьэм пыщIэным йолэжь, - къыхигъэщащ Мамхэгъым.

Апхуэдэуи гугъуехьхэр яIэщ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдаш щIыкIэм епхауэ. «Экологистика» щIыналъэ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм куэд егъэтхьэусыхэ.

Муниципалитетхэм я IуэхукIэ

Май районым и Iэтащхьэ Саенкэ Татьянэрэ Тырныауз къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Афашоков Азэмэтрэ тепсэлъыхьащ районхэм щекIуэкI лэжьыгъэмрэ къагъэлъэгъуа гугъуехьхэмрэ къазэрыщыхъуам. Лъэпкъ Iуэхухэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащIэм, федеральнэ щIыхэр муниципальнэ мылъку зэращIым, псыжапIэхэр зэрызэрахъуэкIым, гъуэгухэм я щытыкIэм, Май щIыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэр зэрызэгъэпэщыжыпхъэм, нэгъуэщI хэми и гугъу ящIащ.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис жиIащ къалэ мыинхэм я зыужьыныгъэм лъэпощхьэпо хуэхъу Iуэхухэр муниципалитетхэм я нэхъыбапIэм зэраIэр. Абы къыхигъэщащ къалэхэм я зыужьыныгъэм лъэныкъуэ псомкIи зэрыбгъэдыхьэпхъэр, а Iуэхухэм я хэкIыпIэхэм езы жылэдэсхэри жыджэру къыхэшэным мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр.

- ЦIыхубэр, хьэрычэтыщIэхэр, къэралыр дызэщIыгъуу дылажьэмэщ къалэхэм я къэкIуэнур дахэ щыхъунур, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

ЗэIущIэм щыжаIахэмрэ къыхалъхьа Iуэхухэмрэ я тегъэщIапIэу, хэкIыпIэхэм зэрелэжьынур яубзыхуащ.

«Хэкум и хъумакIуэхэм» нэгъабэ зэфIагъэкIахэр

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ къудамэм щызэхалъхьэжащ нэгъабэ зэфIагъэкIахэр. IуэхущIапIэр мэлажьэ 2023 гъэм и гъэмахуэ лъандэрэ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ.

«ХЭКУМ и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэр дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ доIэпыкъу псэуныгъэм, медицинэ хуэIухуэщIэм теухуауэ. Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэу фэбжь зыгъуэтахэм е уIэгъэ хьэлъэ, гъэхъужыгъуей зиIэхэм я узыншагъэр зэфIагъэувэжын папщIэ зыхуеинухэмкIэ зыщIагъакъуэ, хуей щыхъукIэ, я псэупIэхэр ныкъуэдыкъуэхэм хуэщIауэ хузэрагъэпэщ, унэм щыкIэлъыплъынухэр ирагъэбыдылIэ, санаторэхэм зыщрагъэгъэпсэху, лэжьапIэ къагъуэтынымкIи ядоIэпыкъу. Фондым и нэIэм щIэт зауэлI 600-м ящыщу 400-р мэлажьэ. Языныкъуэхэр IэнатIэ Iутщ, адрейхэр зи щхьэ хуэлэжьэж хьэрычэтыщIэщ. Зи IэщIагъэ зыхъуэжыну хуейхэр нэгъуэщI Iуэхум хурагъаджэ. Фондым и психологхэр зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ ядоIэпыкъу. Юристым и чэнджэщ хуэныкъуэхэмядэлажьэ IэщIагъэлIхэри фондым щагъуэтынущ. Псалъэм папщIэ, куэдым зыхуагъазэ зауэлIхэм кърат ын хуей ахъэшэм теухуауэ. Абы папщIэ зыхуеину тхылъхэр ягъэхьэзырынымкIэ ядоIэпыкъу, ахэр здрагъэхьынур жраIэ.

Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр жыджэру хэтщ щIалэгъуалэр Хэку лъагъуныгъэм щIэпIыкIыным теухуа Iуэхухэм. Тхыдэм и пэжыр хъумэным, лIыхъужьхэм я фэеплъыр мыгъэкIуэдыным и мыхьэнэр зэрыиныр зыхащIэ. Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм фэеплъхэр хуагъэув, дапхъэхэр къыхузэIуах, я цIэхэр фIащ цIыхухэм я зыгъэпсэхупIэхэм, еджапIэхэм «ЛIыхъужьым и партэ» щагъэув. «Хэкум и хъумакIуэхэр» нэгъабэ хэтащ зэхыхьэ, Iуэху, семинар, зэIущIи 120-м щIигъум.

- Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм, хэкIуэдахэм я щIэблэм дыдэIэпыкъунырщ, зрихьэлIэ гугъуехьхэр ядэдгъэпсынщIэнырщ ди къалэн нэхъыщхьэр. Фондым лэжьэн зэрыщIидзэрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ тхыгъэ мин 13-м щIигъу къагъэхьащ. Тхыгъэ 17-м иджыри хоплъэ, - жиIащ Дадэ МуIэед. - Ди жагъуэ зэрыхъунщи, языныкъуэ Iуэху зэIумыбзхэр дызэрыхуейм хуэдэу псынщIэу тхузэфIэгъэкIыркъым, ауэ зыкъытхуэзыгъазэ дэтхэнэми зэрыхъукIэ дыдоIэпыкъу. Ди IуэхущIапIэр долажьэ МФЦ-м, Медико-социальнэ экспертизэм, Социальнэ фондым.

Фондым и щIыналъэ къудамэм зэпымыууэ щокIуэкI «ЗауэлIым и адэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр. Ар траухуащ къэралым къулыкъу хуэзыщIэу псэзэпылъхьэпIэ ихуа зауэлIхэм я адэхэм, нэхъыжьхэмрэ щIэблэмрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным, Хэкум и хъумакIуэхэр ягъэсэныр адэхэм я пщэрылъу къызэрынэжым, абыхэм пщIэ зэрахуэфащэм, Хэкум къулыкъу хуэщIэным зи щIалэхэр тезыгъэгушхуэ адэхэм яхэлъ шыIэныгъэмрэ бэшэчагъымрэ, зауэлIхэм я лIыгъэмрэ фэеплъымрэ зыщамыгъэгъупщэным, гъащIэм и лъапIэныгъэхэм гулъытэ хурагъэщIыным.

- Гъэлъэгъуэныгъэр зауэлIхэмрэ абыхэм я адэхэмрэ пщIэ зэрахуэтщIыр къызэрыдгъэлъагъуэ Iэмалщ, - къыхигъэщащ Дадэ МуIэед. – Быныр псом япэу зыгъасэр адэращ, шыIэныгъэмрэ пэжыгъэмкIэ щапхъэрэ гъуазэрэ хъури аращ. Сурэтхэм псалъэншэу къытощ гъащIэм щынэхъыщхьэхэр: лъагъуныгъэр, жэуаплыныгъэр, фэеплъыр, дзэ Iуэху хэхам къикIыжа быным зэрыIущIэм и гуфIэгъуэ кIэншэр зэраIэтыфым, хэкIуэда и щIалэм и гуауэр зэригъэвыфым. Хэкум и хъумакIуэ тхуэзыгъасэ адэ-анэхэм фIыщIэ мыухыж яхудощI. Сурэтхэр зэхуэхьэсынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуа псори Тхьэм фигъэпсэу!

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Махуэгъэпс

ПсыпцIэхэм я дунейпсо махуэ

ЩIы Хъурейм тет къэрал псоми илъэс къэс зэдагъэлъапIэ псы-псыпцIэхэм я дунейпсо махуэр.

ЗИ ГУГЪУ тщIы щIыпIэхэр зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ абыхэм щес къуалэхэмрэ къызэтегъэнэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къабжащ 1971 гъэм мазаем и 2-м Ираным и Мазендеран хэгъэгум хиубыдэ Рамсар къалэм щызэрихьэлIахэр псы-псыпцIэ щIыпIэхэм ехьэлIауэ зэрыщызэгурыIуауэ щытар. Дунейпсо махуэ ар щыхъуар 1977 гъэм къыщегъэжьауэщ. «Рамсар конвенцэ» зыфIащам Iэ щIэзыдза къэрали 173-м Урысей Федерацэри яхэтщ.

ПсыпцIэхэр ящыщщ ди планетэм и биологие зэмылIэужьыгъуагъэм хезымыгъэгъэщI, щIыуэпсыр зэпIэзэрыту къызэтезыгъанэ къэщIыгъэкъэунэхугъэ телъыджэхэм.

БлэкIа мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1975 гъэм, СССР-м и Правительствэм и унафэкIэ, ди къэралым «Рамсар щIыпIэу» 12 къыщагъэунэхуауэ щытащ. Абыхэм ящыщу РСФСР-м и щIыналъэм къыщызэрагъэпэщар 3 къудейт. А мащIэр и тегъэщIапIэу, УФ-м и Правительствэм 1994 гъэм и фокIадэм къищта унафэм кърикIуэу, ди къэралым «Рамсар щIыпIэу» къыщызэIуахам я бжыгъэр 38-м нагъэсащ. Абыхэм, псори зэхэту, гектар мелуани 10,7-м щIигъу къызэщIаубыдэ.

Ди къэралым и мызакъуэу, Европэ псом щынэхъ ин дыдэу къалъыта Васюган псыпцIэм километр мин зэбгъузэнатIэу 53-м щIигъум зыщиубгъуащ. Ар къызыщыпхив щIыгур, Томск, Новосибирск, Омск щIыналъэхэм хыхьэу, Сыбырым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Иртышрэ Обьрэ я зэхуаку дэтщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Васюган псыпцIэр къызэрыунэхурэ илъэс мини 10 дэкIащ, зыщиубгъуа и щIыгуми хэхъуэ зэпытщ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа зэухылIэныгъэм ди планетэм тет къэрал псори хузэщIегъэуIуэ я щIыналъэхэм, я нэхъ мащIэрауэ, зы «Рамсар щIыпIэ» къыщызэрагъэпэщыным. А Iуэхум гулъытэ зэрыхуащIым и щыхьэт къэтхьынщ.

2025 гъэм и пэщIэдзэм къызэрабжамкIэ, ди планетэм «Рамсар щIыпIэу» 2500-м щIигъу щыхагъэунэхукIащ. Абыхэм псори зэхэту гектар мелуан 241-м нэблагъэ яубыд. Абы щыгъуэми, ди планетэм псы-псыпцIэ щIыпIэу къыщахутам, псори зэхэту, и щIы щхьэфэм и процентi 6-м, е нэгъуэщIу жытIэмэ, гектар мелуан 570-м нэблагъэм зыщаубгъуащ.

Биологхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2026 гъэм яужькIэ, ЩIы Хъурейм тесыну цIыхухэм ящыщу мелард 1,8-р щыпсэунущ псыр хуабжьу къащемэщIэкI къэралхэм е щIыналъэхэм. Абы къыхэкIыуи гурыIуэгъуэщ псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я мыхьэнэр кIуэ пэтми нэхъ ин хъууэрэ зэрекIуэкIынур.

ПсыпцIэхэр шэдылъэ-фIеялъэу нэхъыбэм къалъытэ. АрщхьэкIэ, биологхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр пэжым пэIэщIэщ. ЖытIам дэщIыдгъужынщи, «уэрыжь» псори гъуэталъэкъым, уеблэмэ я нэхъыбэр псы къабзэм и зэтеIыгъапIэщ. IэщIагъэлIхэм къызэрабжамкIэ, «къызэрыгуэкI» хыжьейхэм ярыт псыр, ику иту, илъэс 17-м и кIуэцIкIэ зэхъуэкIа хъумэ, псыпцIэхэм къызыщыпхивхэр илъэси 5-м кърииубыдэу къощIэрэщIэж.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Уэгур и лIыгъэщIапIэт

Хэку зауэшхуэм игъэунэхуащ лIыхъужь куэд. Зэхэуэ гуащIэхэм зэпымыууэ псэзэпылъхьэпIэ щыхэтащ кхъухьлъатэзехуэ къимыкIуэтхэр. Бийм пэщIэтт ахэр, я псэр халъхьэми, Хэкур хъумэныр я нэрыгъыу. Хэку зауэшхуэм кхъухьлъатэзехуэу хэта ди зауэлIхэм ящыщщ ди республикэм щыщ, Куба къуажэм къыщалъхуа ТхьэкIумащIэ Абдулыхь. Кхъухьлъатэзехуэ хахуэм тетхыхьащ КъБР-м зауэм, лэжьыгъэм, къару зэщIэуздахэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я советым щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ и комиссэм и унафэщI ПЩЫБИЙ СулътIан. Абы лIыхъужьым теухуауэ къиIуатэ гупсысэхэм, дамыгъэ лъапIэу къыхуагъэфэщахэм я гугъу зэрищIым, лIыгъэщIапIэ къыдитахэм я гукъэкIыжхэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ фыхудощI.

ГВАРДИЕМ и лейтенант нэхъыжь ТхьэкIумащIэ Абдулыхь Куба къуажэм къыщалъхуащ. Еджэным и гур хуэпабгъэрти, я къуажэм икIыурэ Псыхъурей нэс кIуэрт, километри 6 хуэдиз зэпичу. Абы классибл къыщиухауэ, Налшык педучилищэм щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэ иIэу щеджащ. Зэреджэм хуэдэурэ, аэроклубми кIуэрт ар. Авиацэм дихьэхри, 1937 гъэм педучилищэр къигъанэри, Ейск гъэмахуэ еджапIэм щIэтIысхьащ. Ар къызэрыхихамкIи щыуакъым – курсант нэхъыфIхэм хабжэрт. Ейск еджапIэр къиухри, дзэм кIуащ ТхьэкIумащIэр – къулыкъу щищIащ Балтикэм, Бэракъ Плъыжьыр зезыхьэхэм я 12-нэ авиаэскадриль щхьэхуэм хэтащ. Абы хэта кхъухьлъатэзехуэхэр 1939 гъэм япэу япэувауэ щытащ белофиннхэм. Зэхэуэхэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ ТхьэкIумащIэ Абдулыхь къыхуагъэфэщащ «Бэракъ Плъыжь» орденыр.

1940 гъэм Абдулыхь унэм къагъэкIуэжащ, зыгъэпсэхугъуэ пIалъэ иIэти. Абы щыгъуэ унагъуэ диухуащ я къуажэм щыщ бзылъхугъэ Мэлбахъуэ Налжан. Куэд дэмыкIыу Абдулыхьрэ Налжанрэ Ленинград ирагъэжьащ, Абдулыхь къулыкъур къыпэплъэрти.

Мэкъуауэгъуэм и 21-м ТхьэкIумащIэр зыхэт эскадрилым зигъэпсэхурт, уэгум ихьэн хуейтэкъым а махуэм. АрщхьэкIэ жэщым къызэщIагъэушащ. Хэку зауэшхуэр къэхъеят...

ТхьэкIумащIэ Абдулыхь яхэхуащ полковник Преображенскэм и авиацэм. Зауэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ ТхьэкIумащIэр нэмыцэ фашистхэм япэщIэтащ а гупым хэту. Нэмыцэхэм нэрыгъыу яубыдат Балтикэ флотым и кхъухьхэр щIрагъэлъэфэныр. Зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым теухуауэ дивизэм и газетым щатхырт: «Мес кхъухьлъатэзехуэ ТхьэкIумащIэр. Абы хахуэу ехъумэ Балтикэм и кхъухьхэр. Совет информбюром и пщыхьэщхьэ хъыбархэм 1941 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къызэритамкIэ, Ейск авиаэскадрилым и кхъухьлъатэзехуэхэу, Балтикэ флотым хэту хым тетхэм бийр хагъащIэрт хахуэу. Кхъухьлъатэзехуэ ТхьэкIумащIэм уэгум щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм щыхигъэщIащ бийм и «Ю – 88» кхъухьлъатищ». ШыщхьэуIум и 28-м а газетым щатхащ мыпхуэдэу: «Ди кхъухьлъатэзехуэ лъэщхэм хым щIрагъэлъэфащ бийм и транспортитху. Ди зауэлIхэу Смирнов, ТхьэкIумащIэ, Годунов сымэ нэмыцIэ кхъухьлъатищ къраудыхащ».

Абдулыхь къулыкъу къыдэзыщIахэу Нижний Новгород щыщ Сутырин Б. Н.; Евпаторием щыщ Румянцев Д. А.; Алма-Аты щыщ Петров Г. С. сымэ я гукъэкIыжхэм къазэрыхэщыжымкIэ, ТхьэкIумащIэр хахуэт, къикIуэт зымыщIэт, фашистхэм щысхь яхуиIэтэкъым, зыхэт гупым фIыуэ къалъагъурт. Абы и псалъэр ялъытэрт къулыкъум къыдыхэтхэм». ТхьэкIумащIэм и лIыгъэм щыхьэт техъуэрт Ленинэм и орденыр къызэрыхуагъэфэщари. Абы щыгъуэ дэфтэрым итт мыпхуэдэу: «ТхьэкIумащIэр зэхэуэ 185-м хэтащ, абыхэм ящыщу 35-м жэщу. Уэгум щызауэу 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м «Ю-88» кхъухьлъатэр кърииудыхащ. Бадзэуэгъуэм и 9-м Церель хытIыгум деж къыщриудыхащ аргуэру зы «Ю-88». Бийм я тIасхъэ щIихыну кIуауэ, «МЕ - 109» кхъухьлъатищым яIущIэри, зэхэуэ хэхуащ, абыхэм ящыщу зыр кърииудыхащ. Уэгу зэхэуэ гуащIэхэм тIэунейрэ уIэгъэ щыхъуащ. 1941 гъэм шыщхьэуIум и 2-м и кхъухьлъатэм мафIэ къыщIэнауэ, къетIысэхащ».

1942 гъэм фокIадэм и 21-м ТхьэкIумащIэ Абдулыхь къыхуагъэфэщащ «Бэракъ Плъыжь» орденыр. Абы теухуа унафэм Iэ щIидзащ Хы фIыцIэ флотым и дзэ - уэгу къарухэм я унафэщIым.

1943 гъэм шыщхьэуIум и 23-м ТхьэкIумащIэр бийм и кхъухьлъатэзехуэхэм щахуэзащ уэгум. Абдежым уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. ПсэзэпылъхьэпIэм иту и кхъухьлъатэр щIылъэм къигъэтIысащ. ЩIэхыу госпиталым нагъэса пэтми, зауэлIым и уIэгъэр мыхъужынт...

ТхьэкIумащIэ Абдулыхь уэгум ихьащ 415-рэ, зэхэуи 100-м щIигъум лIыгъэ щызэрихьащ, бийм и кхъухьлъатэ 11 кърииудыхащ. Лениным и орденыр, «Бэракъ Плъыжь» ордениплI къыхуагъэфэщащ.

ЗауэлIым и Iыхьлыхэм яхъумащ абы къулыкъу къыдэзыщIахэм я письмохэр. Абыхэм ящыщ зым, Румынцевым ейм, итщ мыпхуэдэу: «Орёл-18»-т и цIэ лейр. Уафэгум бийр щыхигъащIэрт зэпымыууэ. Фашистхэм ятекIуауэ щIылъэм къетIысэхыжырт, апхуэдэу екIуэкIын хуейуэт зэрыдигугъэри. Новороссийск, Кърым, Темрыкъуэ - а щIыпIэхэм я уафэгур и зекIуапIэт ди бгъэ уардэ ТхьэкIумащIэ Абдулыхь».

ГЪУЭТ Синэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЕджапIэ 1714-рэ

Курыт школхэр ухуэным, ар зэгъэпэщыжыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI «Урысей зэкъуэт» политикэ партым.

- «УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и дэIэпыкъуныгъэкIэ, 2019 гъэм щегъэжьауэ къэралым щаухуащ школу 1714-рэ. Псори зэхэту абыхэм еджакIуэ мелуаным щIигъу къызэщIаубыдэнущ. Къапщтэмэ, 2025 гъэм тIысыпIэ 67 662-м хуэщIауэ еджапIэ 80 къызэIуахащ. УхуэныгъэщIэхэр тыншыпIэмрэ щынагъуэншагъэмрэ я мардэхэм тетщ, - щыжиIащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарь Якушев Владимир егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр ухуэнымкIэ, зэгъэпэщыжынымкIэ урысейпсо штабым и зэIущIэм.

Апхуэдэу абы къызэрыхигъэщамкIэ, 2019 гъэм щегъэжьауэ 2025 гъэ пщIондэ сабий гъэсапIэу 1693-рэ къызэIуахащ, абыхэм сабий мин 248-м щIигъу екIуэлIэфынущ.

Егъэджэныгъэ IуэхущIапIэщIэхэр ухуэным къищынэмыщIауэ, «Урысей зэкъуэт» партым школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным теухуауэ программэ щхьэхуэ иIэщ. Абы ипкъ иткIэ, 2022 гъэм щIыщIэдзауэ 2025 гъэм нэсыху школ мини 6,5-рэ сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу зыхуей хуагъэзэжащ.

- Къыхэгъэщыпхъэщ, а школхэм я нэхъыбэр къуажэхэмрэ къалэ цIыкIухэмрэ зэрыдэтыр. Ар зэфIэдгъэкIа лэжьыгъэхэм я процент 64,6-рэ мэхъу. ЕхъулIэныгъэ хъарзынэуи къызолъытэ, - жиIащ Якушев Владимир.

Анэ мылъкум хохъуэ

Мазаем и 1-м къыщыщIэдзауэ цIыхухэм ират социальнэ ахъшэхэр процентi 6,8-кIэ индексацэ ящIащ. Апхуэдэ хъыбарыр Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм и сайтым кърилъхьащ.

АБЫ ипкъ иткIэ, анэ мылъкуми дэщIыгъужыныгъэхэр иIэнущ. Иджы япэ сабийм папщIэ ятынущ сом мин 737,2-м нэблагъэ, етIуанэр къызыхэхъуэхэм, нэхъапэкIэ кърамытамэ, сом мин 974,1-м нэс яIэрыхьэнущ.

Сабий къалъхуам зэ тыгъуэу хуаутIыпщ ахъшэр сом 28 773-рэ хъунущ. КъищынэмыщIауэ, бзылъхугъуэ уэндэгъухэм зэ тыгъуэу хуагъэув мылъкури сом мин 955,8-м нэс хэхъуэнущ, зи ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ хъуху сабийм кIэлъыплъ адэ-анэу лэжьапIэ IэнатIэ пэрытхэм мазэм сом мин 83-м нэблагъэ кърату нущ.

Сабий зиIэ унагъуэхэр дэIыгъыным хуэунэтIауэ щыIэ анэ мылъкумкIэ программэр 2030 гъэ пщIондэ лэжьэнущ.

Мазаем и 3, гъубж

♦**1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыяпэу Мазэм щетIысэхащ.

♦**1924 гъэм** «Красная Кабарда» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ кIэ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Хьэждал**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 8, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 4, бэрэжьей

♦Лыжх узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦**1932 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Белгъэрокъуэ Евгение**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Елбэрд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. Махуэм щIыIэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псым хэлъ мывитIрэ пэт зонтIэIу.

● УФСБ-м къет

ЗыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэу щыта Уэркъуасэ А.П. илэжьа хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, а къулыкъущIэм дэфтэр нэпцIхэмкIэ абы къыпыщIа цIыхум и цIэкIэ иригъэтхащ Лэскэн районым хиубыдэ щIы Iыхьэ.

КъБР-м и Лэскэн район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Уэркъуасэ А.П. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэмкIэ икIи ямыгъэтIысу зы илъэс тралъхьащ.

ПцIым фIым ухуишэркъым

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм ехьэлIа къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ коммерческэ IуэхущIапIэм и унафэщI Къанщауэ Р.Р. зэрихьэ хабзэншагъэр – ар пыщIащ кредит къратыным ехьэлIа гъэпцIагъэм.

ЗЭРАУБЗЫХУАЩИ, цIыхубзым банкым Iэригъэхьащ зи унафэщI IуэхущIапIэм и финанс-хозяйствэ щытыкIэм теухуа хъыбар нэпцIхэр икIи щIыхуэу сом мелуани 5 кърат ащ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Къанщауэ Р.Р. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159.1 статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэмкIэ икIи зы илъэсрэ мазитIрэ тралъхьащ.

● Ди псэлъэгъухэр

КЪАНЫКЪУЭ Каринэ:

Си гур зэIухауэ сабийм сыт щыгъуи сыпожьэ

Псынщlэу зызыхъуэж щыIэкIэ-псэукIэм епха гугъуехьхэр мащIэкъым ди зэманым. А псом пэлъэщыну зи къалэн цIыхум и гум щыщIэр щхьэусыгъуэ гуэркIэ къимыIуэтэфурэ сымаджэ ирихъуахэм ядэлажьэ психологхэри куэд къызэрыгъэхъуащ, щIэупщIэ зэраIэм и щыхьэту. Балигъыр зыщхьэщызыхуар къэхутэгъуафIэщ, уадэлажьэурэ, къэбгъэпсалъэурэ. Ауэ я гум щыщIэмрэ я щхьэм къихьэмрэ къызыгурымыIуэж сабийхэм я Iуэхур куэдкIэ нэхъ хьэлъэщ, абыхэм ядэлажьэ психологхэм я Iуэхури нэхъ гугъущ. Дызэувэлlа Iуэхур дэнэ къытхуикIами хэт ищIэрэ, ауэ, щIэблэ узыншэ дыхуеймэ, дадэмыIэпыкъуу хъунукъым. Зи гур иуда узыншагъэмкIэ сэкъат иIэу дунейм къытехьа, уеблэмэ псэуну гукъыдэж зимыIэ сабийхэм ядолажьэ мы тхыгъэмкIэ фэдгъэцIыхуну пщащэ гъэщIэгъуэн КЪАНЫКЪУЭ Каринэ.

Ар Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт еджапIэ №4-р къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. IэщIагъэ зыбжанэ зэрихъуэкIауэ, гъащIэм къришэлIащ ар нобэ зыпэрыт IэнатIэм, къыщIигъэщIари арауэ къыпщохъу.

- Каринэ, уэ Бахъсэн къалэм «Сабий творчествэмкIэ унэм» ущолажьэ. Нэхъыбэми укъызэрацIыхур уэрэд жыIэнымкIэ гъэсакIуэу Iэзэущ, ауэ куэд щIакъым психолог IэщIагъэри зэрызэбгъэгъуэтрэ. Абы узэрыхуэкIуам и гугъу уэзгъэщIынут.

- Си шыпхъу нэхъыжьыр университетым щыщIэсым илъэс къэс КъБКъУ-м щрагъэкIуэкI «Студент гъатхэ» фестивалым уэрэд щыжиIэрти, ежьу хуейт. КъызэлъэIуащ, сщIыгъуу уэрэд жыIэ накIуи, жиIэри. Сэ курыт еджапIэм сыщIэст абы щыгъуэ. Уэрэд жытIэну тфIэфIт, ауэ зэи музыкэм дыхуеджатэкъым. СыкIуащ, сыхэтащ, хъарзынэуи зыкъэдгъэлъэгъуащ. Абдежым къызгурыIуащ уэрэд жысIэну, абы сыхуеджэну сызэрыхуейр. Курыт еджапIэр къэзухщ, университетым сыщIэтIысхьэри, балигъ сыхъуами, музыкэмкIэ школым зезгъэтхри, а тIур зэблэзгъэкIыу седжащ. Сызыхуеджар химие щIэныгъэрами, университетыр къэзуха нэужь, «ХъыбарыщIэхэр» адыгэбзэкIэ езгъэкIуэкIыу диктор IэщIагъэм сеплъащ. ИужькIэ, «Зикомбо» заводым и лаборанту сылэжьащ, итIанэ Бахъсэн къалэм дэт 4-нэ курыт еджапIэм социальнэ гъэсакIуэу срагъэблагъэри, илъэс зыбжанэкIэ сыщыIащ. Сабийхэм садэлэжьэну, дауэдапщэ гуэрхэм хуэзгъэхьэзырыну, теплъэгъуэхэр згъэувыну зэрысфIэфIым гу лъитащ ди унафэщI Багъэтыр Маринэ, икIи макъамэмкIэ гъэсакIуэу зэрихъуэкIащ си лэжьыгъэр. Мис абы щыгъуэ къызгурыIуэпащ - си пIэ сиващ! СфIэфIт сабийхэм сахэтыну, абыхэм зэрызахъуэжым сыкIэлъыплъыну. Иджыри социальнэ гъэсакIуэу сыщыщытам гу лъыстат хуэмыщIа унагъуэхэм къыщыхъу, гуныкъуэгъуэшхуэхэр зиIэ, адэ-анэр зытеплъэкъукI сабийхэм я дзыхь къызагъэзэу, я гукъеуэхэр къысхуаIуатэу. Сэри ахэр къызгурыIуэрт, къэзгъэдэIуэфырт. ЕджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм къесшалIэу, уэрэд жезгъэIэу, утыку къисшэурэ, зыкъаужьыжу, нэрылъагъуу къэщIэращIэу къысщыхъуащ.

- ЗэрысщIэмкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ къалэ, щIыналъэ, республикэ зэпеуэхэм увыпIэ нэхъыщхьэхэр къыщахьащ уи гъэсэнхэм. КъищынэмыщIауэ, «Голос» урысейпсо зэпеуэм мызэмытIэу кIуаи яхэтащ.

- Пэжщ. Сыт хуэдэ зэпеуэ дыкIуами, хьэщIэ лъапIэхэр къытхуэкIуэу концерт программэ дгъэхьэзырами, псоми ягу къинэу зыкъагъэлъагъуэрт ди сабийхэм. Япэ увыпIэм и закъуэ мыхъуу, гран-при къытхуагъэфащэу дыкъэгъуэгурыкIуащ. «Голос» проектым кIуахэри диIэщ, курыт еджапIэм уэрэд жыIэным зыщыхуигъэсауэ, нобэ сценэм ит, артист хьэзыр хъуахэри ди куэдщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Къэзэр Алибэч, Дрогуэ Лорианнэ. Къапщтэмэ, сабийхэр псори зэчиифIэ защIэу, гу къабзэу, нэIурыту дунейм къытохьэ. Дэтхэнэми нэхъ зыхуэIэижь гуэр къыдалъху. Мис ар и чэзум къэпхутэрэ, цIыкIу щIыкIэ удэлэжьэн щIэбдзэмэ, дэтхэнэми цIыху телъыджэ къыхэкIыфыну быдэу си фIэщ мэхъу.

- Курыт еджапIэм къыщыщIэбдзами, Бахъсэн къалэм Сабий творчествэмкIэ и унэрщ иджы ущылажьэр, уэрэд жыIэнымкIэ гъэсакIуэу. Абы къыдэкIуэуи психологием узэрыхуеджэжами сыщыгъуазэщ. А тIур щхьэ зупхын хуей хъуат, Каринэ?

- Курыт школым сыщыщылажьэм, уэрэд жыIэнымкIэ гупжьей къызэIусхат, уэрэд жызыIэну хуей сабийхэм музыкэмкIэ дерсхэр къаймэщIэкIыу къэслъытэри. Абы щыгъуэ гу лъыстат психологие, зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкIэ сэкъат зиIэ цIыкIухэр а гупжьейм куэду къызэрыкIуэм. Слъагъурт абыхэм заужьынымкIэ, я гур утIыпщауэ псэунымкIэ музыкэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, а дерсхэм апхуэдэ сабийхэр «зэрыщыгъагъэр». Абыхэм ящыгъупщэ хуэдэт зыгъэгузавэр, зыгъэнэщхъейр, зыщышынэр. Ябгъэдэслъхьэ псори яфIэгъэщIэгъуэнт, гуфIэрт, уеблэмэ насыпыфIэу уаIуплъэрт. Мис абы щыгъуэ хьэкъыу спхыкIащ - сэ сыхуейт нэгъуэщI зыгуэрым сыхуеджэжыну, апхуэдэ сабийхэм садэлэжьэн, я гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зезгъэхъуэжын папщIэ. Сытегушхуэри, педагог-психологыу седжэжыну ПедагогикэмI, психологием, физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ КъБКъУ-м и институтым и магистратурэм сыщIэтIысхьащ. А институтым и унафэщI Михайленкэ Ольгэ си IуэхущIафэм къыщIэупщIэщ, нэхъ гъунэгъуу сызригъэцIыхури, инклюзие психологием, сабий узыншэхэри сымаджэхэри зэдэгъэлэжьэн, зэхэгъэтын хуейуэ къэзылъытэ щIэныгъэм, нэхъ сыхэзэгъэну фэ къызиплъащ. КъызэрыщIэкIамкIи, щыуатэкъым. Пэж дыдэу, си гум къыдыхьащ а унэтIыныгъэр.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи узыншагъэм сэкъат иIэу къалъху сабийхэм я бжыгъэр хэхъуэ зэпытщ...

- Ауэ абы къикIыркъым яхузэфIэмыкIыну къэтлъытэу апхуэдэхэм делIэлIэн хуэмейуэ. Мис ар хьэкъыу зыпхыдгъэкIыпхъэщ. Дэ, егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ зэи хуэмыдэжу лэжьыгъэшхуэ ди пщэ къыдохуэ а Iуэхугъуэр къэплъытэмэ. А цIыкIухэм зедгъэужьын, я гур утIыпщауэ, хуиту цIыхухэм яхэту едгъэсэн хуейщ.

- Сабий творчествэмкIэ унэм ущрагъэблэгъар сыт щыгъуэ, Каринэ?

- Магистратурэм сыщIэсу, Бахъсэн къалэм дэт Сабий творчествэмкIэ унэм и унафэщI Зеущэ Алёнэ лэжьапIэ къысхуигъэлъэгъуащ. СызоплъэкIыжри, нэрылъагъу сщохъу: дэнэкIэ згъэзами, сыт хуэдэ лэжьыгъэм зезпщытами, лъагъуэ псоми сызрашэлIэжыр а IуэхущIапIэрат. Сабий творчествэмкIэ унэм щылажьэхэр къыхащыпыкIам хуэдэу зи IэщIагъэм хуэIэижь, гууз-лыуз зиIэ гъэсакIуэфI защIэщ. ЗэгурыIуэмрэ пщIэ-нэмысымрэ зи гъуазэ гуп сакъыхэхуащ, фIыуэ слъагъу IэщIагъэм сыпэрытщ, си гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэм сригушхуэу сопсэури, сэ нэхъ насыпыфIэ щымыIэу къысщохъу. Мыбдеж сабий зэчиифIэхэм я зэфIэкIхэм зыщыдогъэужь, гъуэгу дахэ тыдогъэувэ, щIэгъэкъуэн дахуохъу. ФIыщIэ ин хуэсщIыну сыхуейт и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт ди унафэщIым. Зеущэ Аленэ дзыхь къысхуищIам и закъуэ мыхъуу, сыт хуэдэ лэжьыгъэ къетхьэжьэми и къару къихь къимыгъанэу зыкъытщIегъакъуэ, псалъэкIи IуэхукIи дамэгъу къытхуохъу. Апхуэдэу, илъэсищ ипэ, 2023 гъэм, «Росмолодёжь. Гранты» зэхьэзэхуэм дызэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ, «Макъамэр гъащIэм и макъщ» зыфIэтща Iуэхур пхыдгъэкIыфащ. Гуп дыхъуу дызэлэжьа проектым саугъэт къыпэкIуэри, сабийхэм дащыдэлажьэ пэшым щIэдгъэува IэмэпсымэхэрI хьэпшыпхэри къызэрытщэхуар, езы пэшыр зэрытхуэпар аращ къызыхэтхар. Псалъэ гуапэкIэ захуэзгъэзэнут абы щыгъуэ дамэгъу схуэхъуа ГукIэпщокъуэ Розэрэ Зеущэ Аленэрэ. ФIыщIэ щхьэхуэ хуэфащэщ Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, студиер къыщызэIутхын пэш къызэрыдитам, ди Iуэхур къызэрыддиIыгъам папщIэ. Апхуэдэущ «Вагъуэбэ» студиер къызэрыунэхуар. Нобэ ар творчествэм и хэщIапIэ псыхьащ. Сабий зэхэгъэж тщIыркъым. И зыужьыныгъэм сэкъат иIэми, си деж накIуэ сабийр адрейхэм хуэдэ дыдэщ: уэрэд жиIэфыну зэфIэкI бгъэдэлъмэ, и макъыр хузэтезухуэнущ, утыкум хуиту къихьэу, и макъыр утIыпщауэ уэрэд жиIэу езгъэсэнущ. Абы и мызакъуэу, ди деж некIуалIэ сабийхэм жэуаплыныгъэ яхэлъу, гуузлыуз яIэу догъасэ. Псалъэм папщIэ, зыужьыныгъэкIэ сэкъат зиIэ дэтхэнэми сабий узыншэ къепхащ. Абыхэм я къалэнщ сэкъат зиIэхэм зыщIагъэкъуэну, гузавэмэ трагъэуну, утыку къыщихьэкIэ ягъэгушхуэну. Апхуэдэущ ныбжьэгъугъэр, гу щабагъэр, цIыхуфIагъыр къызэрыушыр.

- КъызэрыщIэкIымкIэ, макъамэр къэбгъэсэбэпурэ сэкъат зиIэхэм зебгъэужьу арaщ, Каринэ!

- Ар дыдэрщ. Магистратурэр къыщызухым арaщ си диплом лэжьыгъэр зытеухуауэ щытари. ЦIыкIухэм дазэрыдэлажьэр тIкIийуэ убзыхуа хабзэ щхьэхуэщ. Абы къызэщIеубыдэ лъэныкъуэ куэд. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ сабийхэм я адэ-анэхэм уадэлэжьэнри. Зи узыншагъэр мыщIагъуэ цIыкIухэр гужьеигъуафIэщи, абыхэм я адэ-анэхэр ящIыгъуу дерсхэм щIыдогъэс. ИтIанэ, хуэмхуэмурэ, щIыдогъэкIри, сабийм и щхьэ Iуэху зэрихуэжу, хуиту гупым хэту, абыхэм дзыхь яхуищIу идогъасэ. Ауэрэ цIыкIухэр утыкум идошэ, цIыхушхуэхэм я пащхьэм хуиту къоувэ, гужьеижыркъым.

- Сыт хуэдэ ныбжьым ит узыдэлажьэ сабийхэр?

- Ди студием къекIуалIэхэм нэхъыщIэ дыдэу хэтхэм илъэси 6 я ныбжьщ. Ауэ, сабийр зэчиифIэ дыдэрэ, IущыцIэ цIыкIумэ, илъэси 5-ми къэсщтэфынущ. Нэхъыжь дыдэм сыт и ныбжь жыпIэмэ, курыт еджапIэм сыщылажьэм щыгъуэ езгъаджэу щыта, ар къаухауэ, еджапIэ нэхъыщхьэм щIэс щIалэгъуали диIэщ. Япэ илъэсым тхьэмахуэм щэ къыдогъакIуэ сабийхэр, дакъикъэ 40-кIэ дадолажьэ. ЕтIуанэ, ещанэ илъэсым - сыхьэти 2, я зэхуакум зэ дакъикъи 10-кIэ зедгъэгъэпсэхуу, лэжьыгъэр хэдгъахъуэ зэпыту апхуэдэщ. Мыбдеж псы къабзэ щIэтщ, сытым дежи IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэри Iэнэм тетщ, шэнтыр ди куэдщ, цIыкIухэм зыщагъэпсэхун шэнтжьейхэри диIэщ.

- Псэлъэгъуейхэм, хамэм дзыхь яхуэзмыщIхэм дауэ уадекIуэкIрэ?

- Сэ абыкIэ зэи гуныкъуэгъуэ сиIакъым, сабийр къыщысхуэмыгъэпсалъаи къэхъуакъым. Iэмал щхьэхуэ гуэрхэри къахуэслъыхъуэу схужыIэнукъым. Сэ сытым дежи си гур зэIухауэ, сабийм и нэгум гуапэу сиплъэу сыпожьэ. Езы цIыкIухэри си дежкIэ къоIэ, гугъуехь лъэпкъ къыхэмыкIыуи ныбжьэгъу дызэхуохъу. Зы щапхъэ. И зыужьыныгъэм сэкъат иIэу хъыджэбз цIыкIу щIэст классым, курыт еджапIэм сыщыщылажьэм. И къииныгъуэу, жысIэми къемыдаIуэу, зэран къысхуэхъуу щIэст дерсым. Си макъым зыщезгъэIэтым, зигъэгусэри, тхыгъэ кIапэ къызитащ: «Услагъу хъуркъым!», - жиIэу, къалэм плъыжькIэ тхауэ иту. А къалэм дыдэр къеIысхщ, къызита тхылъымпIэм и щIыбагъым: «Арами, сэ уэ фIы дыдэу узолъагъу!», - тестхэжри, естыжащ. Къызэреджэу, асыхьэту сабыр хъужащ, укIытауи и щхьэр ирихьэхащ. Уэзджынэр къеуа нэужь къызбгъэдыхьэщ, быдэу IэплIэ къысхуищIри, гуфIэу щIэкIыжащ. Аращ си лэжьэкIэм и щэху нэхъыщхьэр - сабийхэр фIыуэ солъагъу, къызгуроIуэ.

- «Вагъуэбэм» щIэкIхэм адэкIэ къыпызыщэ, уэрэджыIакIуэ хъуну хъуапсэ куэд къахэкIрэ?

- УэрэджыIакIуэшхуэ хъуну щIэхъуэпс, апхуэдэ зэфIэкI зыбгъэдэлъ яхэту щытмэ, сэ схузэфIэкI къэзмыгъанэу садоIэпыкъу. Псалъэм папщIэ, дэ куэд щIауэ дыдолажьэ «Амикс» гупым и унафэщI Къул Амир. Сабийм зыгуэр къыхэкIынумэ, ар Амир гулъытэншэу къигъэнэнкIэ сышынэркъым, гъуэгу къритынущ! Сропагэ уэрэд жыIэным зи гъащIэр езыпх дэтхэнэ ди гъэсэнми. Апхуэдэщ Кулимов Идар, Iэбыдэ Миланэ, Нэгъуей Арианэ сымэ. Балигъ хъууэ Москва, Пятигорск, Ставрополь Iэпхъуа, зэгуэр си гъэсэну щыта щIалэгъуалэм сащыгъупщэркъым. Зэпымычу дызэхуотхэ, дызопсалъэ, я гукъеуэ къысхуаIуатэ, сэри зэрысхузэфIэкIкIэ защIызогъакъуэ. Си гъэсэнхэм ящIыгъуу сэри «сыхохъуэ»... Зэпымычу си щIэныгъэм хызогъахъуэ, урысейпсо зэпеуэхэм сыхэтщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Сердце отдаю детям» зэпеуэм и щIыпIэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщысхьащ, щIыналъэ Iыхьэми япэ хъуахэм сащыщщ. А псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, щIэныгъэ, къэхутэныгъэ, ехъулIэныгъэ, щIэщыгъуэ гуэрхэр щызэIэпах апхуэдэ зэпеуэхэм. Мы гъуэгуанэм сытехьэну япэ лъэбакъуэр щысчым, Михайленкэ Ольгэ си дзыхь езгъэзри: «СыпэмылъэщынкIэ, си къару хуримыкъункIэ сошынэ», - жысIэри. «Узэригугъэм нэхърэ куэдкIэ унэхъ лъэщщ. Мы IэщIагъэращ укъызыхуигъэщIар», - къызитат жэуап. А псалъэхэрщ гъуазэ схуэхъуауэ къэслъытэр.

- Уи IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ и хъер улъагъу, Каринэ! Лэжьыгъэ тыншкъым узыпэрытыр. Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщи, уи къару хурикъуну, абы уи цIэр жыжьэ игъэIуну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ФЫРЭ Анфисэщ.

ГъащIэ гъуэгум и кIыхьагъыр

Адыгэ щIалэгъуалэм бзэр игъэшэрыуэу, абыкIэ и гупсысэр къиIуэтэфу щытлъагъукIэ догушхуэ, зэманыр апхуэдэу хъуащи. Гухэхъуэ тIууащIэщ анэдэлъхубзэм иримылажьэми, абы зи гур хуэIэфI, иритхэ ныбжьыщIэхэр лъэпкъым къызэрыщIэхъуэр. Нэгъабэ Къандур Мухьэдин и фэеплъу екIуэкIа дунейпсо литературэ зэпеуэм адыгэбзэкIэ тхэуэ хэтахэм ящыщщ ПЩЫУКI Дисанэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и юридическэ факультетым и 2-нэ курсым щоджэ. И адэ усакIуэм щапхъэ трихагъэнщ Дисанэ, езыми тхыгъэ кIэщI цIыкIухэр етх. Нобэрей къыдэкIыгъуэм тыдодзэ абы литературэ зэхьэзэхуэм иригъэхьауэ щыта «ЕкIуэлIапIэншэ» тхыгъэр.



* * *

ЖЬЭУАПIЭ къигъуэтри, етIысэхащ. КъеджаIауэ фIэщIа? Хэти къеджэн - къалэр мыщIыхущ. И лъэр щIэхуами, тхьэкIумэ жьажьэкъым - Iущащэу жаIэр зэхех. Сытыбзэ уэрамым дэтыр? СыткIэ ищIэн? Макъ къыхэмыхьэу гукIэ зэрыщIэу щытамэ, сыт хъунт? ИтIанэ цIыхухэр псори зэгурыIуэнут, зэхуэмыгъуэнут. ЗэрощIэри жыгхэр, псэущхьэхэр, гъадэщIыдэ хъуауэ ит псы абрагъуэхэр - зы къэугъэ яку къыдэхъуэркъым. ЦIыхур сыткIэ нэхъ лей?

МащIэ щIауэ псэурэ - и мэ зыщыуа къэнакъым. Нэхъапэ къалъхуаи, иужь къалъхуаи. КIапсэлъэрышэу зэкIэлъыкIуэжащ. И анэр игу къихьэрейщ, йопщIыхь. И мэ къыщIехьэ. КъызэрымыкIуэу хуозэш. ЛIыжь кхъахэ хъужами, и нэгум щIэтщ. Зришалlэрэ и сабийр зрикъузылIэу щытакъым. ХабзэмкIэ хъуртэкъым. ЗыщигъэнщIакъым. Бжэ гъуанэмкIэ иплъу зэ Iуплъэжыну Iэджэ и уасэт.

Зэрыбинихыр цIыкIу-цIыкIуу къанэри, техьэгъуэм ихьащ пасэ дыдэу. Езым илъэсихблы и ныбжьми арат. Хьэмзэт къыфIэзыщари и анэрат, ибзыщIми. И пщыкъуэрауэ жиIэрт. НэгъуэщIу хъунутэкъым - къезэгъыртэкъым. Псы мащIэ ежэха абы лъандэрэ! Зэрыбинихым щыщу къэнар езым и закъуэщ. Быни иIакъым, гъуси иIакъым. ТхьэмыщкIэ щылъхущ, зеиншэщ жаIэри кърaтакъым пасэу гу зыхуищIар. ИужькIэ зэи къыдэжыжакъым и жыгыр - зэрыпхъэдакъэу къэнащ, тхьэмпэ закъуи къыщхьэщымыувэжу. Хэт, зыкъеужьыжри, нэгъуэщI псыхъуэ, нэгъуэщI хьэуа къегъуэт, нэгъуэщI дыгъэ къыхущIокIыж апхуэдэм деж.

Мыбы и псыхъуэр игъущыкIат. И унэр хьэблэ сабийм я кIуапIэт. ЗэхуишэсурэI игъэджэгухэрт, игъашхэрт ицIыхуи имыцIыхуи. Мы дунейм тет хъыбарыр яхуиIуатэрт. Зэрызехьэу, дыхьэшх макъыу и пщIантIэм дэтар сыт хуэдиз! Псори зэбгрыкIыжри, пщIантIэр нэщI хъуащ. А игъэджэгуахэр, Тхьэр зыщIэн, иджы дадэ-нанэхэщ. Языхэзи ищIэжкъым. ИщIэжкъым гу зыхуищIари. Псори текIыжащ. Сымаджэ хъуакIэ зэи дохутырыбжэ Iуихакъым, зы хущхъуи ирифакъым. Къыхэзыгъэзыхьи иIэкъым. Псэуурэ езэшащ.

Илъэс дапщэ ухъурэ жыпIэкIэ, пэжу жэуап къыуитыфынукъым. ИмыщIэмэ, жиIэнур сыт! ГъащIэ кIыхьыр IэфIщ, фIыгъуэщ, псэр зыхуэпабгъэ къыпхуэнамэ. Арыншамэ, жагъуэр къызэробгынщ. ... И нэр зэтрипIэмэ, хы домбей и нэгу къыщIохьэ, вагъуэр щхьэщызрэ уфэфэжу. Гъуни нэзи имыIэу. Зэми Iэсэу, зэми, и толъкъунхэр иувыкIрэ шынагъуэ хъууэ. Куэд щIауэ къытрегъазэ а зы сурэтым, теплъэкIи макъкIи къицIыхуужу. Игъащтэ фIэщIми, къелъыхъуэ. Нэхур иужэгъумэ, и псэр хуопхъэр мо имыцIыху абрагъуэм.

Хы - жьы - уафэ, хы - жьы - уафэ... Псэм и пэжым хуэпхъэрурэ сыту жыжьэ нэсрэ зэхэщIыкIыр, цIыху гупсысэр! ТхьэлъэIупIэу уафэмкIэ зигъазэми, щэхур здэщыIэр хы лъащIэрауэ пIэрэ? ЛIэщIыгъуитI гъащIэ къыуитми, къыпхуэщIэнукъым пэжыр. Пэжыр мы къалэ зэрызехьэр зэрыбауэ хьэуарщ. Хэти щIохьэ, хэти щIокI. Хэти мэхъущIэ, хэти пщащэ гъэфIэным и тхьэкIумэм гъунэгъу дыдэ зыхуещIри, гугъэзагъэу зыгуэр жреIэ. Сабий зекIуагъащIэр зэрылъэлъу мэдыхьэшх, дуней псор хуримыкъуу. Жагъуи пшагъуи щыIэу ищIэркъым. ИщIэр, ицIыхур дыгъэпсырщ, анэм и IэфI - и хуабэрщ. ...

И шыпхъу Сарихъан и къуэрылъху мы къалэм дэсу щызэхихым, жьыуэ зиужьри, къыкIэлъыкIуащ. Къигъуэтмэ, и гур нэхъ зэгъэну? Абрэмывэу и лъэр зыIыгъ жьыгъэм къиутIыпщыну? Пасэу IэщIэкIа адэанэм, къыдалъхуахэм яIуплъэжа, яхуэзэжа фIэщIыну? Мо илъэс къомым къахэкIыу нобэм къыщIэсар къыгурыIуэну? Насып игъуэтыну, адэкIэ пищэн папщIэ? Игу къигъыкIыр игъэудэIуну?

... КъеджаIауэ фIэщIа? Чэзууэ псори, зэзышэлIэжыр къемыджэмэ, мы къалэм зы псэ щицIыхуркъым. Езыми зицIыхужкъым. Бзэуэ дунейм тетыр, зэхэлъэдэжри, зэщхь хъужащ. Иджы псори зы чысэщ: теплъэ зэмыщхьхэри, макъ зэмыфэгъухэри, хабзэ зэтемыхуэхэри, хуабэри, щIыIэри, кIыфIри, нэхури, дыджри, IэфIри. Псори зы лIэужьыгъуэщ.

КъеджаIа? Сыт хуэдэ жэуап итынур? Сыт хуэдэ лъэIу иIэнур? И анэм и псэр здэщыIэмкIэ яшэну лъэIуэнщ, Iэмал иIэххэмэ.

Батыр, Мыхьэмэтмырзэ, Зэчий, Дарихъан, Сарихъан - и анэкъилъхухэм хуагъэзэжыну хъуэпсэнщ. Апхуэдиз ныбжьымрэ апхуэдиз гупсысэмрэ хьэтыр яIэкъэ - къыхуащIэнщ зыщIэлъэIур.

...Зэманыр лъэданэ инэри, къэувыIэпащ. Хьеижкъым зы тхьэмпи. Илъагъуи зэхихи - псори нэкъыфIэщIыщ. Псэр зыгъэхуабэу къыдекIуэкIа дыгъэри щыIэжкъым. Жылэр зэрыжылэщ, нэхур зэрынэхущ. Имыгъуэтыжыр а псор зэкIэлъызыхьу къыщхьэщыта къарурщ.

Хы - жьы - уафэ... Хы - жьы - уафэ... Мы тетIысхьэпIэм къытена лIыжьыр къэвгъанэу, дэнэ фыкIуа? Дэнэ фхьа зэи имыухыжыну илъыта гуащIэр - дунейм гупсысэу тетыр зэзыпхыр, лъэр зыIыгъыр, бгъэ зэвым ирaубыда гур хуэмыхъуу къезыгъауэр? Хы - жьы - уафэ... Хы - жьы - уафэ... Фи щIыб къэвгъазэу мы лIыжьыр зеиншэ дыдэ фымыщI. Жьыгъэм и закъуэу къыхуэвмыгъанэ!

...Къалэ фэтэрыр мин бжыгъэщ. Языхэзри ягъэбыдэжащ. Жей зимыIэ зэрызым я уэздыгъэр маблэ. ДэнэкIэ здигъэзэнур? Хэт и бжэ зытеуIуэнур? Хэт зыкIэлъыджэнур? Къыпэджэжынур хэт? ЗэкIэ лъэданэ инами, зэманыр зэгуэр ежьэжынущ. ГуфIэр къыхыхьэжынущ гъащIэм. И пIалъэ къэсынурэ, нэху щынущ. Дыгъэр къиувэнущ щхьэщыгум. ЛIыжь Iэпкълъэпкъыр щIым щыхэкIуэдэжам дежи, щынущ нэху. Зи псэугъуэхэм я псэр дэгуфIэу, къытригъазэу. Хы - жьы - уафэ... Хы - жьы - уафэ... Къарууэ фиIэр зэуIу фщIыи, нэху вгъэщ! Псэр кIыфIым къыхэвмынэ!

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Уней IуэхущIапIэхэм нэхъыбэ къащтэ

КъБР-м кредит цIыкIуу хэр зыт и фондым республикэм и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт IуэхущIапIэхэм щIыхуэу 74-рэ нэгъабэ яритащ, псори зэхэту сом мелуан 40,9-рэ хуэзэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, а бжыгъэм щыщу 25-р я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм, 35-р - уней IуэхущIапIэхэм, 14-р - юрлицохэм къащтащ.

Нэгъабэ фондым ахъшэу къыIахам и процент 47-м щIигъур е сом мелуан 29-рэ мини 120-р уней IуэхущIапIэхэм къащтащ. Я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм сом мелуани 4-рэ мин 975-рэ, юрлицохэм - сом мелуан 15-рэ мин 850-рэ къалъысащ.

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, кредит цIыкIухэм хуэдэ нэхъыбэу къэзыщтар мэкъумэш хозяйствэм, сатум, ерыскъыхэкIым елэжь, дэрбзэрым, хьэлъэхэр гъэIэпхъуэным, IуэхутхьэбзэхэрI цIыхухэм яхуэщIэным пыщIахэращ.

КЪУЭЖЬЕЙ Iэмин.

Гулъытэ щхьэхуэ ягъуэт

«Промышленностымрэ сатумрэ зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ IуэхущIапIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэхуэмыдэхэр иратынущ. Абыхэм хохьэ КъБР-м и ШэсыпIэ фондым худэчых зыхэт и кредитхэр иратыныр, оборудованэщIэ къащэхуахэм трагъэкIуэда мылъкум и Iыхьэ гуэрхэр яхуэпшыныжыныр, нэгъуэщIхэри.

КЪЭРАЛ бюджетым къыхэкIыу а Iуэхугъуэхэм папщIэ сом мелуан 48,3-рэ республикэм къыIэрыхьакIэщ, щIыналъэ бюджетми сом мелуан 15 къыхэкIащ. Ахъшэм щыщу сом мелуан 42,2-р КъБР-м и ШэсыпIэ фондым игъэлэжьэнущ, адрей къэнар оборудованэщIэ къащэхуам трагъэкIуэдам хуагъэкIуэжынущ.

КъБР-м и ШэсыпIэ фондым и нэIэ щIэту лажьэ, промышленностым зегъэужьынымкIэ республикэм и ЩIыналъэ фондым и мылъкур сом мелуан 250-м щIригъэгъуащ, УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм илъэс къэс иригъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм щиIа ехъулIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ.

Мыдрейуэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэм къызэщIеубыдэ промышленнэ IуэхущIапIэхэм я проектхэм я дэтхэнэ зы Iыхьэри: щIырэ ухуэныгъэхэмрэ къэлъыхъуэным къыщыщIэдзауэ инфраструктурэмрэ оборудованэщIэхэмрэ къызэращэхуа мылъкум и Iыхьэ гуэрхэр хуэпшыныжыным нэсыху, апхуэдэуи, лэжьакIуэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ гъэхьэзырыныр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къуажэхэр къагъэщIэрэщIэжын мурадкIэ

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, «Росмолодежь»-м, «Урысеймэкъумэшбанк»-м, Урысейм и ЩIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэм къызэрагъэпэща «Я в Агро» пэхуэщIэр хуэгъэпсащ къуажэхэм, жылэ мыинхэм зегъэужьыным, ахэр къэгъэщIэрэщIэжыным, абыхэм щыпсэугъуафIэ щIыным ди щIалэгъуалэр къыхэшэным. А мурадхэм къыхузэрагъэпэща урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм лъэIу 70-м щIигъу абы ягъэхьащ.

УРЫСЕЙПСО зэхьэзэхуэм унэтIыныгъэ зыбжанэ къызэщIеубыдэ икIи абыхэм хэт хъунущ илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ илъэс 35-м нэсыху зы ныбжь щIалэгъуалэр. Абы хохьэ «КъэкIуэнур къыхэх» - еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, «ФIыкIэ зегъэхъуэж» - мэкъумэш-промышленнэ комплексымрэ къуажэдэсхэмрэ, «НэгъуэщIхэри дегъэхьэх» - агроблогерхэм, «Уи IэнатIэ къызэгъэпэщ» мэкъумэшым пыщIа хьэрычэтыщIэхэм папщIэ зэпеуэхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэхьэзэхуэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщ. Абы хэтынухэм я лъэIухэр къыIахащ 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм щIышылэм и 20 пщIондэ. А пIалъэм къриубыдэу зэпеуэм хэтынум къызэгъэпэщакIуэхэм я сайтым зыщригъэтхын, анкетэр итхын, езым теухуа видеоинтервьюр игъэхьын хуеящ. Ар япэ Iыхьэрат.

ЕтIуанэ Iыхьэр е къызэрыхах зэхьэзэхуэр мы гъэм мазаем и кIэм нэсыху екIуэкIынущ. Мыбдежым абы хэтынухэм я щIэныгъэр, IэщIагъэмрэ зэфIэкIымрэ зэхуэдэр къыщапщытэнущ, къыхаха унэтIыныгъэхэм ятещIыхьауэ. ИужькIэ, абыхэм къыщахьа балл бжыгъэхэм я рейтингхэр зэхагъэувэнущ. АдэкIэ, зэхьэзэхуэм къыщахьа увыпIэм теухуауэ къызэгъэпэщакIуэхэм хъыбар абыхэм ирагъэщIэнущ: ещанэ Iыхьэм пхыкIарэ пхымыкIарэ.

Ещанэ Iыхьэр, кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ никъуэр, ирагъэкIуэкIынущ гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ. Мыбдежым, зэпеуэм хэтхэр нэрылъагъуу зэхуэзэнущ. Финалри бадзэуэгъуэм зэхэтынущ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

ХабзэщIэхэр къыхалъхьэ

2026 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ УФ-м и аэропортхэм цIыхухэм щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэр къыхыхьэнущ. Ахэр нэхъыбэу ялъэIэсынущ кхъухьлъатэкIэ къэзыкIухэм яIэ хуитыныгъэхэмрэ авиакомпаниехэм я къалэнхэмрэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр къыхэзылъхьар УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэрщ икIи ахэр хуэунэтIащ пассажирхэм я тыншыпIэр къызэгъэпэщыныр абыхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм къахэкI зэгурымыIуэныгъэхэр, зэныкъуэкъухэр гъэмэщIэныр.

Псалъэм папщIэ, кхъухьлъатэхэм зэритIысхьэ тхылъымпIэ билетхэм хуэдэуи бжыгъэ лъабжьэ зиIэ дэфтэрхэми (смартфонхэмрэ планшетхэмрэ ярытхэм) дяпэкIэ къару яIэнущ, абыхэмкIэ узекIуэ хъун хуэдэу.

Апхуэдэуи, цIыхухэр зыпэплъэ рейсым зыщиIэжьэм деж, пассажирхэр ягъэшхэн, псы е Iэмал имыIэу зыхуей апхуэдэ зыгуэрхэр иратын, хьэщIэщхэм щIагъэтIысхьэн е билет уасэхэр хуапшыныжын щыщIадзэну зэманыр ягъэбелджылащ. ЖыпIэнурамэ, сыхьэт ныкъуэ нэхърэ нэхъыбэкIэ кхъухьлъатэм зиIэжьэмэ, билет уасэр къыIахыжыну хуитщ абыхэм, а Iуэхутхьэбзэм адэкIэ хуэмыныкъуэжмэ.

ЦIыхухэм IэмалыншагъэкIэ билет уасэр къыIахыжын хуей щыхъу щытыкIэхэм ехьэлIауэ унафэ щхьэхуэхэри щыIэщ. Псалъэм къыдэкIуэу, авиакомпаниехэм пассажирхэр щагъэгъуэзэн хуейщ, ахэр къэсымаджэ нэужь е нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэм щхьэкIэ, ахъшэр абыхэм зэрыратыжыну щIыкIэхэм ехьэлIауэ щыIэ хабзэхэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, цIыхухэм ахъшэр яфIэкIуэдынкIэ щыIэ шынагъуэр нэхъ мащIэ мэхъу.

Сабий зи гъусэу кхъухьлъатэр къэзыгъэсэбэп унагъуэхэм ехьэлIауэ зэхъуэкIыныгъэхэри къыхалъхьащ. Псалъэм къыдэкIуэу, ахэр зэбгъурысу кхъухьлъатэм исыну Iэмал яIэнущ, абы щхьэкIэ лейуэ пщIэи щIамыту.

Апхуэдэуи, унафэ щхьэхуэхэр щыIэщ пщIэ щIамыту хьэпшыпу кърашэкIынум и хьэлъагъ хъуным теухуауи.

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Якубовский Александр зэрыжиIамкIэ, а хабзэщIэхэм щынэхъыщхьэр пассажирхэм я хуитыныгъэр хъумэнымрэ авиакомпаниехэм я къалэнхэр зэхэщIыкIыгъуэу убзыхунымрэщ, абыхэм я зэхуакум къыдэхуа зэгурымыIуэныгъэхэмрэ псалъэмакъхэмрэ гъэмэщIа хъун щхьэкIэ.

БЭБЭЧ Мысост.

ЗэпыщIэныгъэм и джэлэс

(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт къыхигъэщащ университетым къалэн хэха и пщэ зэрыдэлъыр: «Нобэ мы еджапIэ дахэм Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым щIэдзапIэ щыхудощI. Ди къэралым и къулеягъыр зыхэлъыр щIыкIэ, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ зэрыбейракъым, атIэ щэнхабзэ, хабзэ ахъырзэманхэр зезыхьэ лъэпкъхэрщ. Мы илъэсым IуэхуфIхэр къыщыддэхъуну, псори дызыщIэхъуэпс ТекIуэныгъэм и илъэс хъуну сынывохъуэхъу».

«Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман тепсэлъыхьащ лъэпкъ лъапIэныгъэхэм: «Зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр щхьэпэнущ дызэрызэмыщхьым, ди хъуэпсапIэхэм, ди хабзэ купщIафIэхэм ди къарур зэрыхэлъыр къыдгурыIуэнымкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр ди адэжьхэм къытхуагъэна дуней тетыкIэщ».

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Къэрал Думэм и депутатым и дэIэпыкъуэгъу, Балъкъэр щэнхабзэ центрым и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил цIыху щэджащитIым я лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и тхыдэ щапхъэ къиихьащ: «Мы – горской песни два крыла», - итхыгъащ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын хуэгъэзауэ.

ИгъащIэ псокIэ, зауэмрэ мамырыгъэмрэ я илъэсхэм пхаха а зэныбжьэгъугъэр ди зэхуэдэ цIыхугъэ гъуазэщ. Дызэрыгушхуэн, зызэдгъэщхьын, тхыдэ уардэрэ къэкIуэнышхуэрэ диIэщ».

ЗэIущIэм щыжаIа псалъэ Iущхэм щыхьэт техъуэжырт уэрэдрэ къафэкIэ гъэнщIа концертыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ «АмикС» гупым жаIа уэрэдхэр, «ЩIэин» клубым, «Калисто» ансамблым ягъэзэщIа къафэхэр, хамэ къэралхэм щыщ студентхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр махуэшхуэм и джэрпэджэж хъуат.

Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм къит пэIущIэм щрагъэувэкIат лъэпкъ пщIантIэхэр. Абдеж хьэщIэхэм щрагъэлъэгъуащ лъэпкъ фащэхэр, декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ студентхэм я IэдакъэщIэкIхэр.

Тхыгъэри сурэтхэри **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ.*

Iуащхьэ абрагъуищым утрашэ

Адыгэ лъагъуэжьхэр

Зи джабэщIыр мэзылъэрэ зи щхьэкIэр къырылъэу къэлъагъуэ Iуащхьэхэу Iэбагъуэрэ ТIыбгрэ ящыщщ Адыгэ Республикэм и ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ къыщхьэщыт лъагапIэ нэхъ инхэм. ТIыбг и щIыб къыдэтщ зымащIэкIэ абы елъэгэкI Джэмарыкъу Iуащхьэжьри.

«Дапхуэдэу, атIэ, ахэр уи нэгу къызэрыщыщIэувэр?» – жыфIэу фыкъыдэупщIмэ, и жэуапри хьэзырщ: «А хэгъэгум щежэх псы нэхъ ин дыдэ Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэ къуршхэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ уззрихьэу, ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ плъэмыкIыу уезыгъэплъэкI, жыг гуэрэныбэкIэ щIэгъэна джабэ нэкIу абрагъуищущ».

Къурш бжэн лъагъуэри гъуазэщ

Адыгэ щIыналъэм и Iуащхьэ нэхъ лъагэхэм хабжэ ТIыбг жыхуаIэм дэкIыныр, адрей абы и гъунэгъухэм елъытауэ, куэдкIэ тыншщ, зезыпщытхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, и щыгу унэсынми лъэныкъуищкIэ ущыпэлъэщынущ. УдэкIын щхьэкIэ альпинистхэм зэрахьэ IэмэпсымэхэмхуэдИ ухуейкъым.

ТIыбг метр 3064-рэ и лъагагъщ, Кавказ биосферэ мэзкъуэдым хыхьэ Iуащхьэщ, Щхьэгуащэ а лъэныкъуэмкIэ къыщыхэлъадэ МэлкIапэ зыдэт къуэм къыщхьэщытщ. ТIыбг и бгъуапIэр Мейкъуапэ удэту тыншу уолъагъу, къыбгъурытхэм нэхърэ нэхъ уардэу зыкъыпщигъэхъуу. Арщхьэ-кIэ, ар нэхъ лъахъшэщ зи лъагагъыр метр 3238-м нэблагъэ ЧIыгушъхьрэ (ЩIыгущхьэ, Чугуш) Джэмэрыкъуэрэ (метр 3099,4-рэ) зэрызаIэтам елъытауэ.

ТIыбг зи фIэщыгъэ Iуащхьэжьыр Кавказ биосферэ мэзкъуэдым хухаха щIыналъэм зэрыхрагъэубыдам а лъэныкъуэмкIэ альпинистрэ туристу щызекIуэну хуейхэм я бжыгъэм куэду кIэрегъэху. Ари и зы щхьэусыгъуэщ адрей лъагапIэхэм уакIэрызышэ лъагъуэхэм узыщIыущIэ зыгъэпсэхупIэ зыкъизыххэм хуэдэ мы щIыпIэ даущыншэм зэрыщумылъагъум. ЩIыIэр мэзхъумэхэм я унэ цIыкIу зыбжанэу гъуэгум узыщрихьэлIэхэрщ.

Мы лъэныкъуэмкIэ туристхэм щыхаша лъагъуэхэм я нэхъ щызекIуэгъуафIэу къалъытэр Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэм иужь дыдэу дэс Гъуазэрыплъ къуажэ цIыкIум хуэзанщIэу псышхуэм телъ лъэмыжым узэпрыкIрэ, «Кавказ» турбазэр сэмэгумкIэ къыщызэбнэкIыу, МэлкIапэ псы бгъунжыр къыщыщIидзэхэмкIэ быунэтIмэщ.

Абдежым ущыIуощIэ Iэбагъуэ джабэ екIуэкIым ухуэзышэ лъагъуэу зи кIыхьагъыр километр 11-м нэблагъэм. ХъупIэм и нэзым уззрихутэу, зэуэ уи нэгу къыщIоувэ ТIыбгрэ Iэбагъуэрэ я щыгу щхьэщыIэтыкIам къакIэрылэжьыкIыу зезыгъэзыхыжа бгъуэщI тхыцIэжьхэри, МэлкIапэ къызэрыунэху псы къуэпс къишкIукIкIукIхэу къуэ куу зэвхэм къыдэпщIыпщIыкIхэри, мэзкъуэдым и хъумакIуэхэм я хэщIапIэ унэ лъэбышэжь цIыкIухэри. АтIэми къыхэгъэщыпхъэщ, гъуэгу техьахэм ящыщу а щIыпIэм нэблэгъахэр бгым дэкIын ипэ къихуэу, абдежым нэху къыщекIмэ зэрынэхъыфIри.

КIэлъыкIуэу ТIыбг и аранэм утехьэну ухуеймэ, къурш бжэнхэм щыхаша лъагъуэу адэкIэ-мыдэкIэ къыщыIэгъуэхэм, дэкIахэми зэрагъэунэхуауэ, утемыущхьэукъукIмэ нэхъыфIщ. Езы псэущхьэхэми, зэрынэрылъагъущи, абдежым зыкъыщыппэщIагъэхуэнукъым, я «хъумакIуэм», гу къызэрыплъитэу, ахэр псори лъэныкъуэкIэ ирищэкIынущи.

БзэщIэныгъэм ирилажьэхэм ящыщу мы лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыпIэцIэхэр зыджхэм зэрыжаIэмкIэ, фIэщыгъэр адыгэбзэм хэт псалъэхэу «тIы»-рэ «бгы»-уэ зэхэтщ. КъикIри «тIыхэм я лъагапIэ», «тIыхэм я шытх», «тIы кIапэм хуэдэу кIэщI» мыхьэнэхэр аращ, езы Iуащхьэмрэ абы къедза шытхымрэ къурш бжэнхэм я хэщIапIэу ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрекIуэкIыр къагъэлъагъуэу.

Гу лъытапхъэщ, фIэщыгъэр убыхыбзэмрэ абазэбзэмрэ хэт псалъэхэмкIи къыбгурыIуэ хъуну къэзылъытэхэри зэрыщыIэр. Апхуэдэхэм щIыпIэцIэр зыхуахьыр а бзэхэм къыщекIуэкI (е къыщекIуэкIа) «зызыубгъуа» мыхьэнэращ, езы бгым ищхьэхэмкIэ щиIэ и теплъэр а егупсысыкIэм зэрыхуэкIуэм къыхэкIыу.

Совет лъэхъэнэ блэкIам щыщу мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Ди къуэш республикэм и мызакъуэу, КъухьэпIэ Кавказ псом туризмэм зыщиужьын щыщIидзам (1936 гъэм къыщегъэжьауэ), а Iуэхум ехьэлIауэ шыхэмрэ цIыхухэмрэ папщIэ япэ дыдэу къыщагъэунэхуа лъагъуэ дэхащэт ТIыбг бгым ублэзышу, Сочэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Мдзымтэ и псыхъуащхьэхэр зи хэщIапIэ Кбаадэ (Къуэбыдэ) хуей телъыджэм ухуэзышэу щытари...

МэлкIапэ и псы къуэпсхэми я къежьапIэщ

Гъуазэрыплъ къуажэ цIыкIуу Щхьэгуащэ псышхуэм ищхьэхэмкIэ щыIэ хуей плIимэ кIыхьыр зи хэщIапIэм пэгъунэгъуу икIи нэхъ зыщхьэщызыIэтыкIауэ къэлъагъуэ Iуащхьэ джафэ зэпэхъуреишхуэрщ «Iэбагъуэ»-кIэ зэджэр.

Жылэ цIыкIум и хьэблэкIэу къуэкIыпIэмкIэ гъэзам дежщ МэлкIапэ псы бгъунжыр Щхьэгуащэ къыщыхэлъэдэжыр. Абдежым уIукIрэ адрыщIым уизышэ лъэмыжым узэпрыкIмэ, Iэбагъуэ бгым и щыгум удэзыш лъагъуэм утехьауэ араци, абы, псори зэхэту, километр 11 хуэдиз и кIыхьагъщ. Ар зэпыбупщIыным ику иту сыхьэти 6 - 8 токIуадэ.

Джабащхьэм узэрынэсу, дунейр уэфIу урихьэлIамэ, псэр дэзыхьэх теплъэгъуэщ нэм къыIуидзэнур: кIуатэху къэс нэхъри нэхъ гъунэгъу зызыхуэпщI ТIыбг нэмыщI, зыкъебгъэзэкIамэ, къухьэпIэмкIэ узыIуплъэнур дыгъэм пэлыд уэсыжьхэр зи «куэщI» имыкIуэсыкIыж Iуащхьэжьхэу Фыщтрэ Уэщтенрэщ (Ощтен).

Iэбагъуэ метр 2689-рэ и лъагагъщ. Абы ищхъэрэкIэ гъэза и джабэ нэкIухэращ къыщыщIадзэр Щхьэгуащэ сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыхэлъэдэж МэлкIапэ и псы къуэпсхэм. Мы Iуащхьэм къегъэщIылIа Iэгъуэблагъэри Кавказ къэрал биосферэ мэзгъэфIэным хухаха щIыналъэм хабжэ. «Iэбагъуэ» псалъэр ятеIукIащ а бгым къедза шытхми и бгъуитIымкIэ щыIэ хъупIэхэми.

«Адыгская (Черкесская) топонимика» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор КIуэкIуэ Жэмалдин къызэрыхигъэщауэ, «Iэбагъуэ» псалъэр IыхьитIу зэхэтщ: «Iэ»-рэ «багъуэ»-у, «Iэщыр щагъэбагъуэ», «Iэщым лы щащI» мыхьэнэхэр къарыкIыу. ФIэщыгъэр япэщIыкIэ зытрагъэзэIукIауэ хуагъэфащэр мы щIыпIэм щыпэрыхьэт хъупIэхэрщ.

КIуэкIуэм а и бгъэдыхьэкIэм тохуэ щIыпIэцIэхэр зэхуэхьэсыжыным, джыным илъэс куэдкIэ яужь ита, Адыгэ Республикэм щыпсэуа щIэныгъэлI Мэрэтыкъуэ Къасым, «Словарь по топонимике Кавказа» тхылъ щхьэпэр къыдэзыгъэкIа Твёрдый Александр, «Очерки по топонимике Кубани» лэжьыгъэ гъэщIэгъуэныр зи IэдакъэщIэкI Ковешников Владимир сымэ я еплъыкIэхэри.

Туристхэм папщIэ мыри дэщIыгъужыпхъэщ. Зи гугъу тщIа Iуащхьэхэр зыпэгъунэгъу Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум къуажапщэмкIэ щыIэ и хьэблэм «Iэбагъуэ» зыфIаща хьэщIэщ зэпэщи къыщызэрагъэпэщащ, и гъэсыкIэр иджырей мардэхэм тещIыхьарэ езыри зыгъэпсэхупIэ-нэгузыужьыпIэ телъыджэу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ зэкъуэту

ЩIДАА

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием гулъытэшхуэ хуещI тхылъ къыдэгъэкIыным, адыгэ щэнхабзэр гъэкIуэтэным, адыгэбзэр хъумэным. Иджыблагъэ ЩIДАА-м хэтхэр еблэгъащ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ лъэпкъ центру КъБКъУ-м щыIэм, икIи иужьрей илъэсхэм академием къыдигъэкIа тхылъхэм щыщи тыгъэ хуащIащ.

БИОЛОГИЕ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, ЩIДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу Бэлахъуэ Олегрэ и дэIэпыкъуэгъу Махуэ Владимиррэ, корреспондент Фырэ Анфисэ сымэ хэту екIуэкIащ а Iуэхугъуэр. ЩIэныгъэ-щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэным хуэгъэпса зэIущIэм къекIуэлIахэр иригъэблэгъащ, щэнхабзэ центрым щызэфIагъэкI лэжьыгъэми хьэщIэхэм къахутепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и унафэщI Езауэ Мадинэрэ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къардэн Мусэдинрэ.

- Адыгэ центрыр ЦIыпIынэ Аслъэн къызэригъэпэщат. Республикэм щилэжь адыгэ Iуэхур щIалэгъуалэм я дежкIэ щхьэпэ защIэт, акъыл зыхэлът. Университетым и унафэщIхэм абы гу лъатэри, лъэIукIэ къашауэ щытащ. Центрыр зэрылэжьэну мардэхэр яубзыхуат, мурад и куэдт, ауэ лэжьыгъэр шэщIауэ ежьатэкъым, гуауэр къыщыхъуам. Илъэсым нэблагъэкIэ зыми и нэIэ щIэтакъым ар. ИтIанэ, сэ сыкърагъэблэгъащ. Ди университетым декоративнэ гъуазджэм щелэжь къудамэ иIэщ. Абы щыIэхэм дыхэплъэри, хьэпшып гуэрхэр къыхэтхащ. ИкъукIэ сэбэп къытхуэхъуащ пхъащIэ Iэзэ, адыгэм и тхыдэм фIыуэ хэзыщIыкI Урыс Аслъэн. Ди IуэхущIапIэм щIэт адыгэ Iэнэ лъакъуищхэр, пхъэ вакъэ тхуищIащ. Фащэ 30-м нэблагъи диIэщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, цIыхуншэ дыхъуркъым, хабзэ зыхэлъ, анэдэлъхубзэр зыIурылъ ныбжьыщIэ щыпкъэхэр къокIуалIэ, ахэр екIуу утыку къыщохьэ, къэрал куэдым я лIыкIуэхэр щызэхуэс гъэлъэгъуэныгъэхэм. Адыгэ щэнхабзэм, литературэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ди нэхъыжьхэм я цIэр зэрытхъумэным, я IуэхущIафэхэм щIэблэр зэрыщыдгъэгъуэзэным долэжь. Къыхэгъэщыпхъэщ лъэпкъ IэщIагъэхэм зэрыщыхурагъасэри. Мыбдеж Адыгэ центрыр, Балъкъэр центрыр, Урыс центрыр къыщызэгъэпэщащ. Дэ щыридыщIыщIыщыIэрдызэрызэгурыIуэр, ауэдызэрызэщхьэщыкI зэрыщыIэри дгъэлъэгъуэн щхьэкIэщ, - жиIащ Езауэм.

ЩIэныгъэ академием и лIыкIуэхэм зэрыжаIамкIэ, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен гулъытэшхуэ хуещI адыгэ Iуэхур гъэкIуэтэным. Абы папщIэ, унафэщIым академием и лэжьыгъэм сом мелуан бжыгъэхэр трегъэкIуадэ, илъэс къэси тхылъыщIэхэр пщIы бжыгъэкIэ къыдигъэкI. КъБКъУ-м тыгъэ хуащIащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щоджэн Iэсхьэд и «Адыгэхэр» томитIыр, «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъиплIыр, тхыдэм, филологием, биологием теухуауэ ди щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыщ, Зэрамыщ1Iэ Заретэ Iыхьи 4-у зэхэту къыдигъэкIа «Лъахэ уэрэдхэр», «Доклады АМАН» журналым и къыдэкIыгъуэ зыбжанэ, нэгъуэщIхэри.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

ЩытыкIэм зыщагъэгъуазэ

КъБР-м и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм щыщхэмрэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу щIыналъэм щыIэм и чэнджэщэгъумрэ зыщаплъыхьащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм ахэр щагъэзэкIуэж и колоние №1-м.

ЩIЫНАЛЪЭ IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ Никитин Николай, УИС-м цIыхум и хуитыныгъэхэр щагъэзэщIэнымкIэ и управленэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Текаевэ Ритэ, ИК-1-м и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Махъсидэ Iэдэм сымэ ящIыгъуу, хуитыныгъэм и хъумакIуэхэм къызэхаплъыхьащ тутнакъэщыр.

Бэрсэдж Анатолэ, Казанков Юрэ, Созаевэ Алкэ, Кучменов Анзор сымэ щыIащ камернэ пэшым, къуэдыхэр щрагъэпшыныж изоляторым, щытыкIэ ткIийм тету зи къуаншагъэр зрагъэгъэзэкIуэжхэм я къудамэм, шхапIэм, тутнакъэщым исхэм къакIэлъыкIуэ я благъэхэм пIалъэ кIыхькIэ щызэхуэзэ пэшхэм. Жылагъуэ лэжьакIуэхэм зыщагъэгъуэзащ суд зытращIыхьахэр зэраIыгъым, ирагъэшхымрэ абы и фIагъымрэ.

Гулъытэ хэха хуащIащ колонием и ухуэныгъэхэр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжым, абыхэм ящыщ зыбжанэр мыгувэу къызэIуахынущ.

ОНК-м щыщхэр епсэлъащ тезырыр езыхьэкIхэм, лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщахэри яхэту.

УАРДЭ Жантинэ.

Ди щIалэхэр нэхъ лъэщщ

Дзюдо

«Локодзюдо» фIэщыгъэгъэр зэрихьэу дзюдомкIэ Сабийхэм я лигэм хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм и финалыр Минск къалэм щыIащ. Абы щызэпеуащ бэнакIуэу, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 130-рэ, я ныбжькIэ илъэс 13-м щIимыгъуауэ. Ахэр псори щытекIуащ къызэрыхах зэхьэзэхуэхэм.

СПОРТ зэIущIэр къызэрагъэпэщащ «Локодзюдо» Сабий лигэм, Белоруссием дзюдомкIэ и федерацэм, «Локо» спорт зэгухьэныгъэм.

Зэхьэзэхуэр ирагъэжьэн ипэ къихуэу спортсменхэмрэ къызэхуэсахэмрэ псалъэ гуапэкIэ захуагъэзащ «Локомотив» урысей спорт зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Голдобин Андрей, абы и къуэдзэ Джэданэ Алим, Белоруссием дзюдомкIэ и федерацэм и унафэщI Стешенкэ Александр сымэ.

ГъэщIэгъуэну икIи удэзыхьэу екIуэкIа зэIущIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щаIащ икIи медаль 11 абы къыщахьащ: 6-р дыщэу, 2-р дыжьыну, 3-р домбеякъыу.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм щытекIуащ Джафаров Инал (кг 38-рэ), Къэжэр Самир (кг 46-рэ), Срыкъуэ Ахьмэд (кг 50), Мисиров Мансур (кг 60), Къунаш Дамир (кг 66-рэ) сымэ.

ЕтIуанэ увыпIэхэр къахьащ Щокъуий Ренатрэ (кг 42-рэ) Шишхов Инверрэ (кг 46-рэ). Биттиров Эмирхъан (кг 38-рэ), Щоджэн Къаплъэн (кг 42-рэ), ГъущIо Iэдэм (кг 46-рэ) сымэ ещанэ хъуахэщ.

Илъэсым и спортсмен нэхъыфIу зэхьэзэхуэм къыщалъытащ Къэжэр Самир, командэ нэхъ лъэщыр - Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Локомотивырщ».

Зэпеуэхэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэр, щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр иратащ. ЗэIущIэхэр зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ цIыху мин 15-м щIигъу. «Локодзюдо» Сабийхэм я лигэм мыгъэрей и зэIущIэхэр мазаем икIэхэм иригъэжьэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Турист налогым и фIыгъэкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым туристхэм ятехуэ налог ирагъэту щыщIадза япэ илъэсым къриубыдэу республикэм и щIыналъэхэм сом мелуан 28,7-рэ къыхахащ. Къыхэдгъэщынщи, туристхэм я налог къыхэхыным ехьэлIауэ щыIэ унафэр къащтащ КъБР-м и къалэрэ къуажэу 132-м щыщу 94-м.

ИЛЪЭС блэкIам ахъшэ нэхъыбэ къыхэзыхар Налшык къалэрщ – сом мелуан 17. А налог лIэужьыгъуэм ехьэлIа унафэр ди къалащхьэм къыщащтащ 2025 гъэм щIышылэм и 1-м. АдэкIэ къокIуэ Iуащхьэмахуэ районыр – сом мелуани 9,7-рэ иIэу. Ещанэр Шэрэдж щIыналъэрщ, турист налогыу сом мелуан 0,5-м нэблагъэ нэгъабэ мыбы къыщыхахащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зы туристым къылъысу налогыр зэрыхъур сом 100-щ. Зэрыхабзэуи, ахъшэр зытыр хьэщIэщхэращ: абыхэм я Iуэхутхьэбзэ уасэм ар хагъэхьэ.

Республикэм и мурадщ турист налогым хуэмурэ хигъэхъуэну икIи 2029 гъэм ирихьэлIэу налог базэм и процента 5-м ар нигъэсыну. Дызэрыт илъэсым траухуащ сом мелуан 42-рэ къыхахыну. Апхуэдэ гугъэ дэзыгъэщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къакIуэ туристхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэмрэ туризм IэнатIэм зэрызиужьымрэщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Гъэсыныпхъэ щхъуантIэр ирашалIэ

Газыр здынэмыса унэхэм ар яхуешэлIэным ехьэлIауэ щыIэ программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ илъэситху хъуауэ. 2025 гъэм къриубыдэу унагъуэ 4743-м я лъэIухэр республикэм къыщыIахащ апхуэдэ лэжьыгъэхэм теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэн папщIэ.

А БЖЫГЪЭМ щыщу унагъуэ 4738-м зэгурыIуэныгъэ иращIылIащ, унагъуэ 4275-м я бжэIупэм нэс газыр ирашэлIащ, унагъуэ 3348-м ар къагъэсэбэпын щIадзащ.

Къищынэмыщауэ, КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм унагъуэ 25-м субсидие (сом мини 100-м щIимыгъуу) яритащ, газым пыщIа IэмэпсымэхэрЗ кърагъэщэхуну, бжьамийхэм ирыпадзэну, н.къ. папщIэ.

Апхуэдэуи юрлицоуэ 2-м ядэIэпыкъуащ газ щрагъахъуэ станцхэр яухуэн, лажьэу ирагъэжьэн щхьэкIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дэIэпыкъуныгъэ зратхэм хеубыдэ унагъуэ быныфIэхэр, хуэмыщIауэ псэухэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, СВО-м и ветеранхэр, абыхэм я унагъуэхэр, ныкъуэдыкъуагъэкIэ 1-нэ гупым хыхьэхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зезыхьэхэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр.

Къищынэмыщауэ, газыр здынэмыса псэупIэхэм ар яхуешэлIэным ехьэлIауэ щыIэ программэм ипкъ иткIэ льготэ зиIэхэм газ оборудованэхэр къызэращэхуамрэ я псэупIэхэм газыр ешэлIэным трагъэкIуэдамрэ субсидиеу иратыж 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ. Абы нэмыщI, программэм цIыхухэм Iэмал ярет а гъэсыныпхъэмкIэ къызэгъэпэща къуажэхэм е дачэ щыпIэхэм щIэуэ щаухуа унэхэм я бжэIупэхэм нэс ар пщIэншэу хуашэну.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэк1эмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №166

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.